

# MERKIZEDHEKI UYU NDIANI?



Ngatikotamisei misoro yedu tinamate.

Baba veKudenga vanodikanwa, tinonzwa rwiyo urwu rwekuti *Tenda Chete*, rwunotiita kuti tizive kuti ndizvo zvega zvatnofanira kuita kuti tigare nhaka yechero vimbiso dzaMwari, kungodzitenda. Nekuti kwakanyorwa kuchinzi, “Zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda.” Patiri kuchema, semurume aiva nemwana ane pfari, “Ishe, ndinotenda! Batsiraiwo iMi kusatenda kwangu.”

<sup>2</sup> TinoKutendai nekuda kwesimba reNyu guru, chizaruro cheNyu chikuru chezvaMuri kwatiri mumazuva ano ekupedzisira. Zvinoita kuti moyo yedu ifare nekudakara, kuziva kuti tasangana naMwari mupenyu; Anozvisimbisa chaizvo nehumbowo hwepanyama, hunobatika, sezvaAkaita mumazuva akapfuura, uye sezvaAkavimbisa zvezuva rino. Tinokutendai zvikuru iMi, Mwari wedu. Zuva rino rine rima apo pasina munhu anoita seanoziva nzira yekuenda nayo, tinofara kwazvo kuti takawana nzvimbo yechengetedzo, yerunyararo.

<sup>3</sup> Zvino tiropafadzei manheru ano, Ishe, patiri kutura nezveShoko reNyu. Uye nevimbiso dzakapihwa kwatiri, dai tikadzichengetedza mumoyo yedu, tidzichengetedze nekuyeresa, uye tigodziteerera nekuteerera chaiko kune humwari. Nekuti tinozvikumbara muZita raJesus. Amen.

<sup>4</sup> [Imwe hama inotaura kuna Hama Branham—Mupepeti] (Oo, vanga vasingafanire kudaro. Mupiro werudo? Vanga vasingafanire kunge vadaro. Vanga vasingafanire kunge vadaro. Ndiani aita izvozvo? Ndiwe une mhosva?) Ndanga ndichibvunzurudza maneja. Ati anditorera mupiro werudo. Angadai asina kudaro. Ndinozviyemura izvozvo, Mwari vanozviziva, asi ini—ini handina kumbovinga izvozvo. Maita henyu. Dai Ishe vakuropafadzai. Ndichaita zvese zvandinogona. Ndichaisa mubasa rekunovhanga kunzvimbo dzekunze, kuti ndizive kuti ichaendera Humambo hwaMwari. Uye kana Ishe vachitendera, ndichaitora, ini pachangu, kuenda kudzinyika dzacho, kuti ndiunze Evhangeri imwe chete iyi yamanga makagarira, muchiteerera vhiki rino, zvino ndobva ndaziva kuti zvichaitwa nenzira yamakaItenda nayo. Ishe vandibatsire kuzviita.

<sup>5</sup> Ndinotenda zvikuru nevanhu vakawanda vakauya vhiki rino, uye nekwamuri imi vanhu mose muri pamubatanidzwa manheru ano zvakare wema—mawaya enhare. Uye tinotenda kune mumwe nemumwe wenyu.

<sup>6</sup> Billy ati kwandiri mangwanani ano, ati, “Baba, kana dai manga mauya neni mangwanani ano, kuseni-seni, zuva

richangobuda, uye momira kunze uku munzvimbo idzi zvino moona vanaamai vachipa vana vavo zvekudya mumotokari, vanhu ivavo vanonzwisa urombo vagere mumvura iyoyo, vakamirira kuti mikova izarurwe!” Munoono here kuti ndingazova munyengeri akadii ndikakuudzai chimwe chinhu chisiri Chokwadi? Ndingava chaizvo munhu akashata. Dzimwe nguva ndinototi ndirwadzise, asi hazvisi nekuti ndinoda kudaro, imhaka yekuti... Handisi ini ndiri kurwadzisa. Ichokwadi chinorwadza. Uye ini—ini... Asi ndinotenda ndicho chikonzero muchiuya, nekuti ndakaperera zvikuru kwamuri, uye ndinoita zvese zvandinogona kukubatsirai. Ishe vabatsire mumwe nemumwe wenyu.

<sup>7</sup> Uye zvino ndinoda kutenda vanhu nekushandira pamwe kwavo kwakanaka, vanhu vemuguta munowo, zvakare, vakatipa, vakatitendera kurenda imba ino yechikoro, odhitoriyamu ino nejimu. Uye ndinoda kutenda vakuru venzvimbo kana muri pano. Uye zvakare ndinoda kutenda Thurston Colvin, anova muchengeti wepano, nekushanda pamwe nesu zvakanaka mukutibatsira kuiwana uye nekuva nesu manheru ega-ega.

<sup>8</sup> Tinotenda mapurisa eJeffersonville nekuuya pano uye vachirinda, nemubhadharo wakachipa chaizvo. Ndinofunga mari ingaite 2 madhora paawa, kuti mapurisa vakaiswa pano nebasa rakatsaurwa, kuti vabatsire kupakwa kwemota, vachiona kuti hapana... hapana chinoitika, uye zvinhu zvose zvanga zvakarungana. Tinotenda vanhu nekuda kwaizvozvo. Uye nekune—kune, zvakare, injiniya pano pabho—bhodhi, ndamucherechedza. Uye navese vanobatanidzwa neizvi, zvirokwazvo tinokutendai.

<sup>9</sup> Ndinotenda mumwe nemumwe wenyu nekuda kwezvipo. Billy angobva kundiunzira, masikati ano, chi—chipo, zvakati wandei zvazvo, uye namabhokisi, zvihwitsi, nezvimwe zvakadaro. Uye chimwe chazvo changa chiri mha—Mharidzo yeropafadzo, ine mufananidzo waKristu wakaiswa mairi, neMharidzo yepaGomo. Uye chokwadi wanga wakanaka. Chokwadi ndinokutendai. Uye nezvinhu zvakananda kwazvo, handizivi kuti ndingakutendai sei. Zvino, zvakarewo, nekuda kwetsigiro yenyu—yenyu, kupa mari yekufambisa musangano, zvirokwazvo tinozvitenda, nemoyo wedu wose. Ishe vakuropafadzei mumwe nemumwe wenyu, zvikuru.

<sup>10</sup> Billy ati, pane vanhu vakawanda, manga muchikumbira hurukuro dzepakavanda panguva ino. Uye vazhinji vakakumbira uye vanga vaine vana vadiki vaizokumikidzwa. Oo, ndinoda zvakadii kuzviita!

Asi, munoono, pandakauya nguva ino, ndezvechimbichimbi chaizvo. Ndinofanira kugara chaizvo, nguva dzose, uye ndonzvera Shoko iri mumunamato, kuitira kuti ndiunze Mharidzo idzi. Munoono, hadzisi... Dzaka—dzakakosha

zvikuru kwatiri, nekuti kutsvaga kuda kwaMwari zvino wochibva wataura zvinhu zvacho. Uye zvese zvinofanira kusangana pamwe chete, uye nokukumbira Mwari kuti ndeipi yacho chaiyo yekuzarura.

<sup>11</sup> Zvino, Ishe vachitendera, tichadzoka zvakare munguva pfupi, ipapo patinogona kuwana zuva. Ndakaita ka—kakuratidza, kana kuti—kana kuti ndakatuara chimwe chinhu pamusoro peEsta. Regai ndigozvitarisa, nekuti ndinofunga kuti ndine hurongwa muCalifornia neche panguva iyoyo. Saka zvinogona kunge zvisiri izvo. Zvisinei hazvo, patinodzokera zvakare kutabhenakeri, tichakutumirai kadhi, uye nechechi, uye—uye tozokupai zu—zuva racho nenguva. Zvino ndicha, pamwe panguva iyoyo, zvakare. . .

<sup>12</sup> Handina kumboisa nguva yekunamatira vanorwara. Hatina kana shumiro imwe chete yatakaunza vanhu kuno uye tikavanamatira. Tanga tichivaendesa kunze. Uye hama dzedu pano dzanga dzichiparidza, Hama Lee Vayle naHama. . . Dzimwe hama idzi dzanga dzichiparidza, nekunamatira vanorwara, uye vachiita rubhabhatidzo rwemumvura, vachibhabhatidza, waro, uye vachindirega ndichigara zvangu ndiri ndega neShoko. Tinotenda varume ava. Vakaita basa guru.

<sup>13</sup> Pane shamwari dzakawanda kwazvo pano dzandinoda kusangana nadzo. Ndatarisa zasi ndokuona John naEarl. Uye havo avo Chiremba Lee Vayle, mumwe wemamaneja emusangano. Hama Roy Borders. Varume ava, handina kana kuwana. . . Handina kana kumbovakwazisa ruoko. Handina kumbowana mukana wacho wekudaro. Ndinofunga nezveshamwari dzangu dzinobva kuKentucky, nekwapoterredza kuno, uye shamwari vashumiri, ndingada kwazvo kuvagwinha chishanu! Hama Blair, ndakavacherechedza pano rimwe zuva. Uye vazhinji vevarume ivavo vandi—ndinoda, uye vange vari kumisangano yakawanda, uye handisati ndatombovakwazisa ruoko rwavo. Ini—ini ndiri kuedza. . . Hazvisi nekuti handidi kuita izvozvo; imhaka yekuti handina nguva yacho yekuzviita, uye ndingori muchimbichimbi.

<sup>14</sup> Kukumikidza vana, chokwadi. Mwanakomana wangu chaiye, muzukuru wangu muduku anga achifanira kukumikidzwa pamusangano uno. Handina kuwana nguva yacho yekuzviita; David muduku. Ndava asekeru, kechipiri zvino. Saka, VaMay, kana vari pano manheru ano, vakandipa tsvimbo iya, zvinoita sekunge ndichatoishandisa nenguva isipi.

<sup>15</sup> Saka, zvino ndakaudza Billy, ndikati, “Bhaibheri rakati ‘wandai muzadze nyika,’ asi mutoro wose hauna kupihwa kwauri.” Zvino vazukuru ava vari kuuya nekukasika.

Uye saka, rangerirai, muroora wangu akanga asingabereki, pakutanga kwacho. Akanga asingakwanise kuita vana. Zvino rimwe zuva, ndichibva kumusangano, Ishe vakataura

neni ndokuti, “Loyce, uhabereka mwanakomana. Ishe vakuropafadza. Dambudziko rako remadzimai rapera.” Paul muduku akaberekwa, mwedzi 9 yakatevera.

<sup>16</sup> Mwedzi 2 mwana uyu asati avepo, ndaingwe ndakagara, ndichidya kudya kwemangwanani mamwe mangwanani, patafura, zvino Loyce naBilly vakanga vagere kune rimwe divi retafura kubva kwandiri. Ndakaona Loyce achidyisa kacheche kadiki kaine pingi...kana kuti gumbeze rebhuruu rakakaputira. Zvino Billy akanga agere pakona, achipa Paul mudiki chikafu. Ndakati, “Billy, ndichangobva kuona chiratidzo. Loyce anga achidyisa kacheche kakaputirwa negumbeze rebhuruu.”

Akati, “Hero rwendo rwangu rwokunovhima rwatoponga. Inongova mwedzi 9 kubva zvino.”

Mwedzi 11 yakatevera, David muduku ndokuberekwa. Uye handisati ndakwanisa kumukumikidza kunaShe nazvino, uye handisi kuzozviita kusvika tadzoka zvakare. Saka munoono zvazviri.

<sup>17</sup> Ndinoda kwazvo vanhu nekuyanana kwavo! Asi hama dzedu dzanga dzichinamatira vanorwara, uye ndinoziva kuti zvakabudirira. Husiku hwega-hwega takanamatira vanorwara, mumwe achiisa maoko ake pane mumwe, tose pamwe chete, zvinova izvo kuti nenzira iyoyo zvinobva zvagadzirisa nyaya yacho yose. Asi pamwe, kana Mwari vachitendera...Ndichazvimaka pakadhi, kana tikariturira. Ndichidzoka, ndinoda kutsaura mazuva 2 kana 3, zvakare, kungonamatira vanorwara nekuita zvatnogona nenzira iyoyo. Zvino, uye ndinotenda vanhu nerubatsiro rwavo, zvakare.

<sup>18</sup> Zvino ndinongoda kutaura, kwechinguvana, pane—pane Mharidzo yemangwanani. Hapana kupokana, handina kunyatsoipedza chaizvo, asi ndinofunga kuti munonzwisisa. Uye ndine chokwadi kuti hamuna...Hamuzomboziva kuti zvakatorerei kwandiri kuti ndizviite.

<sup>19</sup> Zvino, zvinoita sezviri nyore kwazvo kwamuri. Asi, iwe, munoono zvaunenge uchiita? Uri kutora nzvimbo yaMwari, kuti utaire chimwe Chinhu. Uye ndisati ndazviita, yanga ichtofanira kuuya iri mhinduro kubva kuna Mwari. Uye Vakatoruruka, uye VakaZviratidza pachena, ndokupa Chizaruro chacho. Nokudaro, munoono, izvi ndezveChechi. Zvino rangarirai, ndati, “Izvi, izvi ndizvo zvandataura, ndezveChechi chete.”

<sup>20</sup> Uye kuti muve neruvimbo uye kuti muzive, kuti anga ari Mwari mumwe chete akati kwandiri kumusoro uko pakwakanga kusina tsindi, “Taura, uye ureve kwadzichange dziri.” Zvino zvakaitika ka 3 kakatevedzana. Zvino, kana Vachikwanisa neShoko rimwe chetero kusika chimwe chinhu chisipo, ko iZvi zvichanyanyisa kusimbiswa sei neZuva reKutongwa! Maona?

Vanhu vakanga varipo kuti vaone zvinhu izvi, nekuziva. Sezvakataurwa naPauro, mumazuva akapfuura. Paiva nevarume vaiva naye, avo—avo vakanzwa kundengendeka kwenyika, uye vasina kunzwa inzwi, asi va—vakaona sho—Shongwe yeMoto.

<sup>21</sup> Zvandiitira zvakanaka, hazvo, mushure mekunge zvapera, kuona varume nemadzimai, vandinoziva kuti Makristu echokwadi, vachimbundirana uye vachichema.

<sup>22</sup> Zvino teererai, shamwari, Mwari vanosimbisa Shoko raVo nezviratidzo nezvinosimbisa, kuratidza kuti ndeRechokwadi, Shoko rakataurwa. Zvino rangarirai, Chiedza chiya chaiva Mugore riya, chakapa Chizaruro . . .

Ndaive . . . Kasikana kangu kadiki kaindiudza, Sarah ari pano, kuti pavaka . . . Chikoro ichocho muArizona chainge chakatarisa kumusoro uko mudenga risina makore, uye vachiona Gore rinoshamisa iri mugomo iroro, richikwira nekudzika, riine Moto we amber uchipfuta maRiri. Mudzidzisi akaburitsa makirasi nechikoro, ndokuvaunza kumberi, ndokuti, “Makamboonawo here chinhu chakadaro? Tarisai zvariri apo.”

Rangarirai, ndicho Chiedza chimwe chetecho che amber chiri padombo. Saka ndiMwari vamwe chete, Chizaruro chimwe chete, ndokuti, “Vaudze kuti vaite *izvi*.” Ndizvo zvandakuudzai mangwanani ano, saka heZvoka izvo.

<sup>23</sup> Kana zvikaitika kuti shamwari yangu yakanaka, Hama Roy Roberson, vari kuteerera kuTucson. Roy, unorangarira here, rimwe zuva, chiratidzo chawakaona patainge tiri kunze takamira pagomo? Wakauya kwandiri, uye Gore iroro rakanga riri pamusoro? Ukauya uchifamba uchidzika, unoziva zvaVakakuudza; uye ndakakuudza kumba kuya, zuva riya? Ndizvozvo, Roy. Usachanetseka zvachose, mwanangu. Zvapera.

<sup>24</sup> Hamutongozive kuti zvinorevei! Inyasha. Vanokudai. Uye imi Vadei, Vashumirei mukuzvininipisa uye muVanamate mazuva enyu ose. Ivai munofara, pfuurirai mberi murarame sezvamuri. Kana muchifara, rambai makadaro. Musambofa makaita chero chinhu chakaipa zvakare, chakadaro. Ingoendererai mberi. Inyasha dzaMwari.

<sup>25</sup> Zvino ndinoda kunamata zvakare tisati tapinda muShoko. Vangani vachandinamatira? Ndiri kungoenda ndichibva pamusanganano ndichienda kune mumwe musanganano. Muchanamata here?

Munoziva, ndinoda kukuimbirai karwiyo kadiki, tose pamwe chete, tisati taenda kuShoko. Kuti tingo . . . kuti tizive kuti Mwari . . . Kungozvikumikidza zvishoma. Makambonzwa here karwiyo aka, *Ane Hanyn'a Newe?* “Mukupenya kwezuya nemukusuwa, Ane hanyn'a newe.”

<sup>26</sup> Mudzimai mudiki ari kuuya kupiyano. Nhai, ndinoda kutenda mudzimai mudiki uyu, zvakare. Ndanga

ndisingatombozive kuti ndiani. Ndemumwe wevanasikana vemudhikoni vari pano. Ini zvirokwazvo...Mwanasikana mudiki waHama Wheeler. Akura zvino. Aiva kanhu kadiki-diki kaigara pabvi rangu, kasiri kare, uye zvino ava mudzimai wechidiki. Saka ndinomutenda zvirokwazvo kuti akashandisa chipo chake mumumhanzi, uye zvino anoridza zvinotapira zvikuru. Mungatipawo kodhi here, hanzvadzi? Tose pamwe chete zvino.

Ane hanyn'a newe,  
Ane hanyn'a newe;  
Nemumushana kana mumumvuri,  
Ane hanyn'a newe.

Munorwuda here? Ngatirwuimbei zvakare, tose pamwe chete.

Ane hanyn'a newe,  
Ane hanyn'a newe;  
Nemumushana kana mumumvuri,  
Ane hanyn'a newe.

Hama Dauch, Anodaro kwamuri, zvakare, Hama. HamuMude here?

Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

<sup>27</sup> Mwari vane Nyasha vanodikanwa, nekapapa kadiki aka pano kezvinhu zvishoma zvekutaura kuvanhu, uye nekudzokera zvakare kutaura nezvemangwanani ano, nekuti ndizvo vanhu vauya kuzonzwa. Ndinonamata, Mwari, kuti Mugoita kuti vanhu vaone kuti Mwari vane rudo uye vane hanyn'a. Uye handizini ndaZvipa izvozvo, Ishe, zvasimbiswa kuti changa chiri Chokwadi. Saka ndinonamata, Mwari Vanodikanwa, kuti rudo rweNyu rwugoramba rwuri pakati pevanhu. Manheru ano, tichizoparadzana mushure memusangano uno uye toenda kudzimba dzedu dzakasiyana-siyana, zvi-zvinoita sekutirwadza, pamwe, pakadzika, Ishe. Ndinonamata kuti Mugoropafadza vanhu ava.

<sup>28</sup> Zvino patiri kuswadera kuShoko, mumunamato, nekuswadera kuShoko rakanyorwa, tinokumbira kuti Mutore Shoko iri rakanyorwa moRiita benyu kwatiri manheru ano. Zvino kana tabva muchivakwa chino manheru ano tichiparadzana tichienda kudzimba dzedu dzakasiyana-siyana, dai tikataura sevaya vakabva kuEmausi, vakanga vafamba naYe zuva rose uye zvakadaro vasingaMuzive; asi paAkavapinza mukati mukamuri husiku ihwohwo, uye mikova yose yapfigwa, Akaita chimwe chinhu sezvaAkangoita asati Arovererwa. Nokuda kwaizvozvo, vakaziva kuti Akanga amuka zvakare.

Zviiteiwo zvakare manheru ano, Ishe. Zviiteiwo, apo mikova yakapfigwa, neboka reNyu duku pano rakagara, rakamirira. Uye, Baba, patinoenda kudzimba dzedu, tichataura sezvavakaita, "Ko moyo yedu haina kutsva here mukati medu

paAnga achitaura nesu munzira!” Tinozvikumikidza, navose, mumaoko eNyu, Ishe. Itai nesu sezvaMunoono zvakakodzera. MuZita raJesu. Amen.

<sup>29</sup> Zvino ngatipindei mushumiro chaimo zvino, nekukurumidza. Muchivhura neni zvino, kana mukadaro, kuBhuku raVaHebheru, uye chimwe chizaruro paMharidzo. Tichataura kwenguva shoma manheru ano, Ishe vachitendera. Uye apo tichiverenga ndima 3 dzekutanga dzaVaHebheru 7:1 kusvika 3, nekuzobva tataura pamusoro peizvi. Zvino hatizive kuti Ishe vachaitai; hatizive. Chinhu chega chatinoita kungotenda, kurinda, kunamata. Ndizvo here? Uye nekutenda kuti “Achaita kuti zvinhu zvose zvishandire pamwe chete mukunaka kune avo vanoMuda,” nokuti Akavimbisa kudaro.

*Nekuti Merkizedheki uyu, mambo weSaremi, muprisita waMwari wokumusoro-soro, akasangana naAbrahama pakudzoka kundouraya madzimambo, akamuropafadza;*

*Abrahama akamupawo chegumi chezvose; iye pakutanga zvichidudzirwa ari Mambo wokururama kana, uye mushure mazvo zvakare Mambo weSaremi, ndokuti, Mambo worugare;*

Ngativerengei pamberi zvishoma.

*Asina baba, asina mai, asina madzitateguru, . . . asina kutanga kwamazwa, kana kuguma kwehupenyu; asi akaitwa akafanana noMwanakomana waMwari; anogara ari muprisita nekusingaperi.*

<sup>30</sup> Fungai nezveMunhu mukuru uyu, kuti Murume uyu anofanirwa kunge ari mukuru zvakadii! Uye zvino, mubvunzo ndewekuti, “Murume uyu ndiAni?” Vadzidzi vebhaibheri vakava nepfungwa dzakasiyana. Asi kubva pakuvhurwa kweZvisimbiso Zvinomwe, Bhuku rakavanzika ranga rakavanzika kwatiri . . . Maringe naZvakazarurwa 10:1 kusvika 7, zvakavanzika zvose zvakanorwa muBhuku iri, izvo zvanga zvakananzwa kupfuura nemuzera revavandudzi, zvinofanira kuburitswa pachena nemutumwa wezera rechechi yekupedzisira. Vangani vanoziva kuti ndizvozvo? Ndizvozvo chaizvo, zvinofanira kuunzwa. Zvese zvakananzika zveBhuku rakavanzika zvichazarurwa kumutumwa weRaodhikia wezera iroro.

<sup>31</sup> Tichiona kuti pane nharo dzakawanda pamusoro peMunhu uyu nechidzidzo ichi, ndinofunga kuti zvakatifanira kuti tipinde mazviri, kuti tione kuti uyu ndiAni. Zvino, pane pfungwa dzakawanda pamusoro paKe.

Imwe yepfungwa dzacho, inoti, “Inongova ngano inotendwa sechokwadi. Akanga asiri munhu chaiye.”

Uye vamwe vanotaura, kuti, “Hwaiva huprisita. Ndiho hwaiva huprisita hwaMerkizedheki.” Ndiyo iri pedyo nekuva

yacho chaiyo, inonzwika zviri nani kudivi iroro kudarika pane rimwe divi racho, nekuti vanoti hwaiva huprisita.

Hazvigone kuva izvozvo, nekuti mundima 4 Inoti Aiva Munhu, “Munhu.” Saka, kuti ave Munhu, Anofanira kuva nehunhu, “Munhu.” Kwete hurongwa; asi Munhu! Saka Akanga asingori hurongwa wehuprisita, uye zvakare Akanga asiri ngano. Akanga ari Munhu.

<sup>32</sup> Uye Munhu wacho ndewaZiyendanakuenda. Kana mukacherechedza, “Akanga asina baba. Akanga asina amai. Akanga asina nguva yaAkambovamba. Uye Akanga asina nguva yaAkamboguma.” Uye angava Ari ani achiri mupenyu manheru ano, nekuti Bhaibheri rakataura pano, kuti, “Akanga asina baba, kana mai, mavambo emazuva, kana magumo ehupenyu.” Saka Anofanira kunge ari Munhu waZiyendanakuenda. Ndizvo here? Munhu waZiyendanakuenda! Saka aikwanisa bedzi kuva Munhu mumwe chete, anova Mwari, nekuti ndiVo vega vemunaZiyendanakuenda. Mwari!

<sup>33</sup> Zvino, muna Timotio Wekutanga 6:15 ne 16, kana muchida kuzviverenga pane imwe nguva, ndingada kuti muzviverenge.

Zvino, nyaya yega yandinorwira iripo, ndeyekuti, Aiva Mwari, nekuti ndiYe ega Munhu asingafe. Uye zvino, Mwari vachiZvishandura kuva Munhu; ndizvo zvaVaive, “Vasina baba, vasina amai, vasina mavambo ehupenyu, vasina magumo emazuva.”

<sup>34</sup> Zvino tinoona muMagwaro kuti vanhu vazhinji vanodzidzisa kuti, “hunhu 3 muHumwari.” Saka, haugone kuva nehunhu usiri munhu. Zvinotorera munhu kuti pave nehunhu.

Mumwe mushumiri weBaptisti, mavhiki mashoma apfuura, akauya, zvino kumba kwangu, ndokuti, “Ndinoda kukugadzirisai pamusoro peHumwari imwe nguva kana wawana nguva.” Akandifonera, waro.

<sup>35</sup> Ndikati, “Ndine nguva iko zvino, nekuti ndinoda kutwasuka, uye tinosendeka parutivi zvimwe zvoze, kuti tizviite.”

Zvino akauya, akati, “Hama Branham, munodzidzisa kuti kunongori naMwari 1.”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

Akati, “Zvinoka,” akati, “Ndinotenda kuti kuna Mwari 1, asi Mwari 1 muVanhu 3.”

Ndikati, “Madzichangamire, dzokororai izvozvo zvakare.”

Akati, “Mwari 1, ari muVanhu 3.”

<sup>36</sup> Ndikati, “Makaenda kuchikoro kupi?” Maona? Zvino akandiudza chimwe chikoro che—cheBhaibheri. Ndikai, “Ndinogona kuzvitenda. Haugone kuva munhu usina kuva nehunhu. Uye kana uine hunhu, uri hunhu humwe kwauri iwe. Uri munhu akazvimiririra ari oga, dungamunhu.”



Uye akati, “Zvino, vadzidzi vebhaibheri havatombogona kutsanangura izvozvo.”

Ndakati, “Ndezvechizaruro.”

Uye akati, “Handikwanise kugamuchira chizaruro.”

<sup>37</sup> Ndikati, “Zvino hapana nzira yekuti Mwari vangambofa vakasvika kwamuri, nekuti, ‘Zvakavanzwa kumeso evakachenjera nevakangwara, uye zvikazarurirwa vacheche,’ zvakazarurwa, chizaruro, ‘zvakazarurwa kuvacheche vanokwanisa kuzvigamuchira, vachidzidza.’” Ini ndikati, “Hapangave nenzira yekuti Mwari vasvike kwamuri; munozvivharira kure naVo.”

Bhaibheri rose chizaruro chaMwari. Chechi yose yakavakirwa pachizaruro chaMwari. Hakuna imwe nzira yekuziva nayo Mwari, kunze kwechizaruro. “Kune uyo Mwanakomana anoMuzarurira.” Chizaruro; zvole chizaruro. Saka, kugamuchi-. . .kurega kugamuchira chizaruro, zvino unongova mudzidzi webhaibheri akatonhora, uye hapana tariro kwauri.

<sup>38</sup> Zvino, zvino, tinoona kuti Munhu uyu “akanga asina baba, asina amai, asina mavambo emazuva kana kuguma kwehupenyu.” Aiva Mwari, *en morphe*.

Zvino, i—izwi rinouya, izwi rechiGiriki, rinoreva kuti, “shanduko,” ndiro rakashandiswa, achiZvishandura, *en morphe*, kubva kuva mumwe Munhu kuve. . .munhu mumwe chete, izwi rechiGiriki ipapo, *en morphe*, rinoreva. . .rakatorwa kubva pane vanoita mitambo, wekuti munhu mumwe chete ari kushandura chifukidzo chake, kuti ave mumwewo munhu.

<sup>39</sup> Sezvakaita ku—kuchikoro, munguva pfupi yapfuura, ndinotenda kudaro, Rebekah, asati apedza chikoro, vaive nemumwe wemutambo waShakespeare. Zvino mumwe mujaya akatopota achishandura nhumbi dzake kakawanda, nokuti aitamba zvikamu 2 kana 3 zvakasiyana; asi, ari munhu mumwe. Akabuda, imwe nguva, akanga ari munhu akaipa; uye paakazobuda panguva inotevera, akanga ari mumwewo munhu. Uye zvino izwi rechiGiriki, *en morphe*, rinoreva kuti iye “akashandura chifukidzo chake.”

<sup>40</sup> Uye ndizvo zvakaitwawo naMwari. NdiMwari mumwe chete nguva dzose. Mwari muchimiro chaBaba, mwe—Mweya, Shongwe yeMoto. Mwari mumwe chete akaitwa nyama akagara pakati pedu, *en morphe*, akabuditswa kuti Aonekwe. Uye zvino Mwari mumwe chete iyeye ndiye Mweya Mutsvene. Baba, Mwanakomana, Mutsvene. . .kwete vanaMwari 3; mahofisi 3, mabasa 3 aMwari 1.

<sup>41</sup> Bhaibheri rakati, “Kuna Mwari 1,” kwete 3. Asi ndizvo zvavakanga vasingakwanise. . .Haugone kugadzirisa izvi uye wova navanaMwari 3. Haungamboudza muJudha izvozvo.

Ndinokuudza izvozvo. Uyo anoziva zviri nani, anoziva kuti kuna Mwari 1.

<sup>42</sup> Cherechedzai, sechivezwa, anovanza, nechi—chifukidzo pamusoro pacho. Ndizvo zvakaitwa naMwari kuzera rino. Zvanga zvakavanzwa. Zvinhu zvose izvi zvanga zvakavanzwa, uye zvinofanirwa kuzarurwa muzera rino. Zvino, Bhaibheri rinoti zvichazarurwa munguva dzekupedzisira. Zvakafanana nemuvezi achichengeta chivezwa chake—chake chaakagadzira chose chakafukidzwa kusvikira panguva yaanobvisa chifukidzo pachiri zvino hechoka icho.

Uye ndizvo zvanga zvakaita Bhaibheri. Ranga riri basa raMwari rakafukidzwa. Uye Ranga rakavanzwa kubva pamavambo enyika, uye nezvakavanzika zvaRo zvakapetwa ka 7. Zvino Mwari vakavimbisa muzuva rino, muzera rekereke yeRaodhikia, kuti Vaizobvisa chifukidzo kubva pachinhu chacho chose tobva taChiona. Chinhu chakabwinyiswa zvakadini!

<sup>43</sup> Mwari, *en morphe*, vakafukidzwa muShongwe yeMoto. Mwari, *en morphe*, muMunhu anonzi Jesu. Mwari, *en morphe*, muChechi yaVo. Mwari vari pamusoro pedu, Mwari vanesu, Mwari vari matiri; kuzvideredza kwaMwari.

Kumusoro uko, vatsvene, hapana aigona kuVabata; Vakagara pamusoro pegomo, uye kunyange mhuka yaigunzva gomo iri, yaitofanira kufa.

Ndokubva Mwari vaburuka vakashandura tende raVo, uye vakadzika ndokugara pamwe nesu, vakava mumwe wedu. “Zvino takaVabata,” Bhaibheri rakadaro. Timotio Wokutanga 3:16, “Pasina gakava chakavanzika chehumwari chikuru; nekuti Mwari vakaratidzwa munyama, vakabatwa nemaoko.” Mwari vakadya nyama. Mwari vakanwa mvura. Mwari vakarara. Mwari vakachema. Vakanga vari mumwe wedu. Zvakafananidzwa zvakanaka, muBhaibheri!

Ndivo vaive Mwari vari pamusoro pedu; Mwari vanesu; zvino ndiMwari matiri, Mweya Mutsvene. Kwete Munhu wechitatu; Munhu mumwe cheteyo!

<sup>44</sup> Mwari vakauya pasi vakava nyama, uye vakafa rufu, muna Kristu; kuitira kuti Vakwanise kuchenesa Chechi, kuitira kuti vapinde maIri, vachiitira kuyanana. Mwari vanoda kuyanana. Ndizvo zvaVakagadzirira munhu pakutanga, kwaiva kuyanana; Mwari vaigara vega, nemaKerubhi.

<sup>45</sup> Uye cherechedzai zvino, Vakasika munhu, munhu ndokuwa. Saka Vakadzika ndokudzikinura munhu, nokuti Mwari vanoda kunamatwa. Shoko chairu rokuti *mwari* rinoreva “chinhu chinonamatwa.”

Uye ichi chinouya pakati pedu, seShongwe yeMoto, sechimwe chinhu chinoshandura moyo yedu, ndivo Mwari

vamwe chete vakati, “Ngakuve nechiedza,” chiedza ndokuvapo. Ndivo vamwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

<sup>46</sup> Zvino, pakutanga Mwari vaigara vega, nezvizenga zvaVo, sezvandataura nezvazvo mangwanani ano. Ndidzo pfungwa dzaVo. Kwakanga kusina chinhu, vachingova Mwari voga, asi Vaiva nepfungwa.

Sezvinongoita mugadziri wezvivakwa mukuru anogona kugara pasi, mupfungwa dzake, odhirowa zvaanofunga kuti ndizvo, zvaari kuzo—kuzovaka. Kusika, zvino, haagone kusika. Anogona kutora chimwe chinhu chakasikwa ochigadzira mune chimwe chimiro; nekuti Mwari ndivo nzira vega... Mumwe chete anogona kusika. Asi anoisa mupfungwa dzake zvaachazoita, uye ndidzo pfungwa dzake, ndizvo zvishuwo zvake. Zvino ipfungwa, obva aitura, zvino robva rava shoko.

<sup>47</sup> Zvino sho—shoko ipfungwa, kana yaratidzwa, ishoko. Pfungwa yaratidzwa ishoko, asi inofanira kutanga iri pfungwa. Saka, zvizenga zvaMwari; zvino zvinozova pfungwa, zvobva vzazova shoko.

<sup>48</sup> Cherechedzai. Avo vane, Hupenyu Husingaperi, manheru ano, vakanga vainaVo uye vari maVari, mumufungo waVo, pasati pambova neNgirozi, nyeredzi, Kerubhi, kana chero chii zvacho. Ndeve munaZiendanakuenda. Uye kana uine Hupenyu Husingaperi, wakagara uripo. Kwete munhu wauri pano, asi chimiro nemaumbirwo ayo Mwari vasina magumo... .

<sup>49</sup> Zvino kana Vaine magumo, haVasi Mwari. Mwari Vanofanira kunge vasina magumo. Isu tine magumo; iVo havana magumo. Uye Vakanga vari kwese-kwese, vachiziva zvose, uye vaine masimba ose. Kana Vasiri, saka haVakwanisi kuva Mwari. Vanoziva zvinhu zvose, nzvimbo dzose, nokuda kwokuvapo kwaVo kwese-kwese. Kuziva zvese kunoVaita kuti vave kwese-kwese. Ivo Munhu; haVana kuita semhepo. Ivo Munhu; Vanogara mumba. Asi nekuda kwekuziva zvose, vachiziva zvinhu zvose, zvinoVaita kuti vave kwese-kwese, nekuti Vanoziva zvose zviri kuitika.

Hapagone kuva nenhata inobwaira meso ayo Vasingaizive. Uye Vakaiziva pasati pava nenyika, kuti yaizobwaira maziso ayo kangani, uye kuti inenge ine mafuta akawanda zvakadini mairi, nyika isati yatombovapo. Ndiko kusava nemagumo. Hatikwanise kuzvinzwisisa mupfungwa dzedu, asi ndivo Mwari. Mwari, vasina magumo!

<sup>50</sup> Uye rangarirai, iwe, maziso ako, chimiro chako, chero zvawaiva, waive mukufunga kwaVo pamavambo. Uye chinhu chega chauri kuratidzwa, shoko. Mushure mekunge Vazvifunga, Vakazvitauro, zvino hezvoka uri pano. Kana zvisizvo, kana wakanga usiri mupfungwa dzaVo, hapana nzira zvachose yekuti uzombovapo, nekuti ndiVo Vacho vanopa Hupenyu Husingaperi.

<sup>51</sup> Munorangarira maverengero ataita Magwaro? “Kwete uyo anoda, kana uyo anomhanya, asi Mwari!” Uye kuti kufanotemera kwaVo kumire kuri kwechokwadi, Vaigona kusarudza, nguva ipi zvayo isati yasvika. Uyo . . . Mwari vanoita zvavanoda mukusarudza kwaVo. Manga muchizviziva here? Mwari vanoita zvavanoda.

Ndiani aiva shure uko kuti aVaudze nzira iri nani yekusika nyika? Ndiani angava nehushingi hwekuVaudza kuti Vari kukanganisa pabasa raVo?

Kunyange Shoko racho chairo—chairo, pachaRo, rinozvitongera roga. Kunyange chizaruro chinozvitongera choga. “Vanozarura kune waVanoda kuzarurira.” Chizaruro chaicho, pachezvacho, chinozvitongera muna Mwari. Ndiwo mabondero anoita vanhu pazvinhu, nekusvetukira pazvinhu, nekurovera pazvinhu, vasingazive zvavari kuita. Mwari vanoita zvavanoda mumabasa aVo.

<sup>52</sup> Zvino tinoVawana pamavambo, zvizenga zvaVo. Uye, zvino, waiva naVo ipapo. Ipapo ndipo panozoonekwa Bhuku reHupenyu.

Zvino, tinoverenga neche pano muna Zvakazarurwa chitsauko 13, ndima 8, kuti, “Chikara chinouya panyika,” mumazuva ano ekupedzisira, “chichanyengera vanhu vose vari panyika avo vane mazita avo asina kunyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana kubva pamavambo enyika.”

<sup>53</sup> Pafungei! Jesu asati atombozvarwa, makore 4,000 Asati auya panyika, uye zviuru zvakawanda zvemakore iwe usati wauya panyika, Jesu, mupfungwa dzaMwari, akafira zvivi zvenyika, uye Bhuku reHupenyu rakagadzirwa, zita rako ndokuiswa muBhuku reHupenyu iroro, nyika isati yavambwa. Ndicho Chokwadi cheBhaibheri. Unoona, zita rako rakagadzwa naMwari ndokuiswa muBhuku reHupenyu nyika isati yavambwa.

<sup>54</sup> Wakanga urimo muzvizenga zvaVo. Hauzvirangarire, kwete, nekuti unongova chikamu cheHupenyu hwaVo. Uri chikamu chaMwari paunova mwanakomana kana mwanasikana waMwari.

Sezvaunongova chikamu chababa vako vepanyika! Ndizvozvo chaizvo. Uri . . . Murume anotakura chizenga, ropa. Uye kana icho chapinda mu—muzai, zvino unova chikamu chababa vako; uye amai vako chikamu chababa vako, zvakare; saka imi mose muri chikamu chababa venyu.

Girori! Zvinobva zvakabuditsa sangano kunze, zvachose. Uh-huh. Zvirokwazvo zvinodaro! Mwari, mune zvose, nzvimbo yoga!

<sup>55</sup> Cherechedzai zvino zvizenga zvaVo. Zvino zvizenga izvi zvaiva, kutanga, Mwari; pfungwa, chizenga pachacho, zvose

mune Mumwe, zvisina kuratidzwa. Zvino paVakaratiidza, kepiri, Vakazova Shoko ipapo. “Uye zvakare Shoko rakazoitwa nyama rikagara pakati pedu.”

<sup>56</sup> Mutsvene Johane chitsauko 1 uye ndima 1, cherechedzai, izvi zviri, “Pakutanga.” Asi, kumashure kwacho, waZiyendanakuenda! Cherechedzai, “Pakutanga Shoko rakanga riripo.” Nguva payakatanga, rakanga riri Shoko. Asi risati rava Shoko, raiva chizenga, pfungwa. Rikabva raratidzwa, “Pakutanga kwaiva,” kuratidzwa, “Shoko.”

Zvino tava kusvika pana Merkizedheki. Ndiye Munhu uyu asinganzwisisike. “Pakutanga Shoko rakanga riripo, zvino Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari.” “Zvino Shoko rakazova nyama ndokugara pakati pedu.” Batai ipapo zvino, cherechedzai.

<sup>57</sup> Huvepo hwaVo—hwaVo hwekutanga hwaiva Mweya, Mwari, vari vemweya, zvakana, mukuru woKusingaperi. Chepiri, Vakatanga kuzviumba pachaVo kuti vave nyama, *mutiyofani* inodaidzwa kudaro, “Shoko, mutumbi.” Ichi zvino ndicho chimiro chaVaiva machiri paVakasangana naAbrahamu, vachinzi Merkizedheki. Vakanga vari muchimiro chetiyofani. Zvino, tichasvika kwazviri uye tozviritidza mumaminetsi mashoma, Ishe vachitendera. Vakanga vari Shoko.

<sup>58</sup> Tiyofani chinhu chawaisakwanisa kuona. Inogona kunge iri pano chaipo zvino, asi usingagone kuona.

Zvakangofanana, tingati, seterevhizheni. Ndemune chimwe chiyero. Terevhizheni; vanhu vari kufamba nemukamuri ino zvino, vachiimba; pane mavarawo, zvakare. Asi ziso rinongoshanda bedzi pasi pepfungwa 5...Mutumbi wako wose unongoshanda bedzi pasi pepfungwa 5, waro. Uye iwe unongoshanda bedzi uri pasi pezvakanhurirwa ziso kuti rione. Asi pane chimwe chiyero chinogona kuonekwa nekushandurwa, neterevhizheni.

<sup>59</sup> Zvino, terevhizheni haigadzire mufananidzo. Terevhizheni inongoupinza mugwara remagetsu, zvino ipapo skirini yeterevhizheni yobva yazvibata. Asi mufananidzo wacho uripo, kubva pakutanga kwacho. Terevhizheni yaiva pano Adhamu paakanga ari pano. Terevhizheni yaive pano Eria paakagara paGomo reKameri. Terevhizheni yaivepo Jesu weNazareta paakafamba pamahombekombe eGarirea. Asi muchangobva zvino kuiwana. Havaigona kunge vakazvitenda kumashure uko. Waizonge uri anopenga kutaura chinhu chakadaro. Asi zvino yava mazvirokwazvo.

Uye ndizvowo zvazviri, kuti Kristu ari pano, Ngirozi dzaMwari dziri pano. Uye nerimwe zuva, muMirenyamu huru iri kuuya, zvichangonyanya kuve mazvirokwazvo kupfuura terevhizheni kana chero chii zvacho, nekuti dziri pano.

<sup>60</sup> VanoZvizarura muchimiro chaVo chikuru chezvaVakataura, VachiZvishandura kuva muvaranda vaVo uye vachizviratidza pachaVo.

<sup>61</sup> Zvino, hevano Ava muchimiro cheMweya. Uye Vanobva vauya vari muchimiro che. . . cha *en morphe*. Zvino, Vakauya kuna Abrahamama, *en morphe*. Abrahamama paakanga achidzoka kubva kunouraya madzimambo, Merkizedheki ndokuuyapo, akataura naye.

<sup>62</sup> Rimwe zuva mupepanhau reTucson, ndaiverenga imwe nyaya yekuti pakanga paine mu—mukadzi aityaira achidzika nemugwagwa, ndinotenda anenge makiromita 65, 80 paawa, zvino akarova imwe harahwa yainge yakapfeka ovhakoti. Akaridza mhere ndokumisa motokari yake. Yakamukandira mudenga. Mugwenga riri pachena-chena chaipo! Uye akamhanya achidzoka shure kunomutsvaga, zvino akanga asipo. Saka mudzimai uyu akaitei? Vamwe vanhu vaiva shure kwake vakazviona zvichiitika, vakaona mutana achienda mudenga, ovhakoti yake ichizeya. Saka vakamhanya vachidzoka kuti vaone zvaitika. Havana kuwana murume uyu chero pai zvapo. Vakafonera mapurisa. Mapurisa akauya kuzoongorora nzvimbo yacho; pakanga pasina munhu ipapo.

<sup>63</sup> Zvino, mumwe nemumwe wavo akapupura kuti, “Motokari yagwinha-gwina, ndokurova murume wacho. Aenda mudenga, uye munhu wese azviona.” Zvapupu, uye mota 2 kana 3 dzakazara nevanhu, vakazviona zvichiitika. Kwava kuchizoonza kuti, makore 5 akapfuura, pakanga paine harahwa yainge yakapfeka ovhakoti, yakarohwa uye ikaurayiwa panzvimbo imwe cheteyo.

Paunobva pano, hauna kufa. Unofanira kudzoka, kunyange kana uri mutadzi, uye ugotongwa maererano nemabasa akaitirwa mumutumbi iwoyo. “Kana tabhenakeri ino yepanyika ichinge yaparadzwa, tine imwe yakatomirira.” *En morphe*, ndiro shoko racho.

<sup>64</sup> Zvino, Mwari, mudanho iri re. . . Idanho iri rekusika kwaVo, gare-gare ndokuzombwa kuva nyama, Jesu. Kubva pakuva chii? Kubva pamavambo makuru, Mweya, zvino ndokuderera kuva Shoko, richizvibuditsa pachaRo. Shoko harisati raZvigadzira, rangotaurwa, *en morphe*, gare-gare Vanozova nyama, Jesu, anofa, kuti aravire rufu kuitira isu tose vatadzi.

<sup>65</sup> Abrahamama paakasangana naYe, Aiva Merkizedheki. Anobhedhenura pano zvichaitwa nezvizenga zvese kumagumo kwekupedzisira, mwanakomana wese waAbrahamama. Mwanakomana wese weKutenda zvirokwazvo achaita zvimwe chetezvo. Asi ndinoda kutarisa kuti tinofanira kuuya sei.

<sup>66</sup> Zvakare, tinoMuona achizarurwa pano muna Rute na—naBhoazi, seMudzikinuri weHama, kuti Aifanira kuuya sei kuti ave nyama.

<sup>67</sup> Zvino tinoona zvizenga zvevanakomana veMweya waKe, havasati vapinda muchimiro chemutumbi weShoko...asi... tiyofani. Mutumbi *uyu* uri pasi peShoko uye zvikuru... wakamirira tariro huru, kushandurwa kwemutumbi.

<sup>68</sup> Zvino, musiyano uri pakati paKe newe, semwanakomana. Munoono, iYe aiva, pamavambo, Shoko, *en morphe* mumutumbi. Akapinda ndokugara mune iwoyo, ari muMunhu waMerkizedheki. Zvino, gare-gare, hatina kuzombonzwa zvakare nezvaMerkizedheki, nekuti Akazova Jesu Kristu. Merkizedheki aiva Muprisita, asi Akazova Jesu Kristu. Zvino, iwe wakachirika iwowo. Nekuti, muchimiro ichocho, Aiziva zvinhu zvese, zvino iwe hausati wambokwanisa kuzviziva nazvino.

Wakauya saAdhama, seni, wakabva pakuva chizenga uchinova nyama, kuti ugoedzwa. Asi kana hupenyu huno hwapera pano, “Kana tabhenakeri ino yepanyika yaparadzwa, tine imwe kare yakatomirira.” Ndiko kwatinoenda; ndiro Shoko. Ipapo tinogona kutarira shure toona zvatakaita. Zvino hatizvinzwisise. Hatina kumbobvira tava Shoko; takangova munhu wenyama, kwete Shoko.

<sup>69</sup> Asi, zvino tarisai, zvinonyatsozvijekesa pachena, haufe wakava Shoko kunze kwekunge wakanga uri pfungwa pakutanga. Zvinoratidza pachena kufanotemera kwaMwari. Maona? Haugone kuva Shoko kunze kwekunge uri pfungwa. Waifanirwa kunge uri mukufunga, kutanga.

Asi, munoono, kuti ugone kumira pamuyedzo, waitofanira kuchirika tiyofani iyoyo. Waitofanira kuuya pasi pano uri munyama, kuti uyedzwe nechivi. Uye zvakare, kana ukamira, “Vose avo Baba vakaNdipa vachauya kwaNdiri, uye Ndichamumutsa nemazuva ekupedzisira.” Munoono, waifanira kudaro kutanga.

<sup>70</sup> Uye zvino, munoono, Akauya pasi, mauiyiro emazuva ose, kubva pachizenga kuenda...Nyika isati yavambwa, zita raKe rakaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana. Zvino, kubva ipapo, Akazova Shoko, tiyofani, inogona kuonekwa, yonyangarika. Zvino Akazova nyama uye akadzoka zvakare, akamutsa mutumbi mumwe chete iwoyo muchinhano chakabwinyiswa.

Asi wakachirika tiyofani ukava munhu wenyama, kuti ugoedzwa nechivi. Uye zvadaro, “Kana tabhenakeri iyi yepanyika yaparadzwa, tine imwe yakatomirira.” Hatisati tava nemitumbi yacho nazvino.

<sup>71</sup> Asi, tarirai! Kana mutumbi uno wagamuchira Mweya waMwari, Hupenyu husingafe mukati mako, unokanda mutumbi uno pasi pekutonga kwaMwari. Hareruya! “Uyo akaberekwa naMwari haate chivi; haangatadzi.” VaRoma 8:1, “Naizvozvo zvino hakuna kupihwa mhosva kune avo vari muna Kristu

Jesu; havafambi maererano nenyama, asi maererano neMweya.” Hezvoka izvo. Munoono, zvinoisa mutumbi wako pasi.

Hausungirwe kuti uti, “Oo, dai ndaingogona kusiya kunwa! Dai ndaingogona . . .” Ingopinda muna Kristu, zvino zvose zvinoenda, unoono, unoono, nekuti mutumbi wako uri pasi pekutonga kweMweya. Hausisiri pasi pezvinhu zvenyika; zvakafa. Zvakafa; zvivi zvako zvakavigwa murubhabhatidzo, uye wava chisikwa chitsva muna Kristu. Uye mutumbi wako, uchizviisa pasi peMweya, unoadza kurarama mhando chaiyo yehupenyu.

<sup>72</sup> Semi madzimai munozviti mune Mweya Mutsvene, uye muchibuda muno muchipfeka zvikabudura nezvimwe, ungazozviita sei? Ko Mweya waMwari uri mauri ungambokurega uchiita chinhu chakadaro sei? Hazvingokwanisike kudaro. Zvirokwazvo, hazvigone kudaro. Haasi mweya wetsvina; iYe Mweya mutsvene.

<sup>73</sup> Zvino kana wava pasi peMweya iwoyo, zvinokandira zvese zva uri pasi peMweya iwoyo. Uye Mweya iwoyo hausi chimwe chauri kunze kweMbeu yeShoko iyi yakaratidzwa pachena, kana kuti yakamutswa, hareruya, ikaitwa mhenyu. Uye Bhaibheri rikati, “Usaite *izvi*,” mutumbi iwoyo unokurumidza kutendeukira kwaRiri. Hapana mubvunzo.

Uye chii icho? Ndirwo rubatso rwerumuko. Mutumbi uno uchamutswa zvakare, nekuti wakatotanga. Waimbova pasi pechivi, nematope nekuora, asi zvino wava nerubatso; washandurwa kuva weKudenga. Zvino, ndirwo rubatso rwekuti uri kupinda muKubvutwa. Ndirwo rubatso.

<sup>74</sup> Munhu anorwara akarara, achifa, pasisina chasara kunze kwerufu; ndizvo zvega zvinogona kuitika. Ndakaona vanhu vaive mimvuri, vakadyiwa kare nekenza neTB; ndozovaona vanhu ivava, chinguvana mushure maizvozvo, vakaita semunhu wese zvizere uye vakasimba. Kana pasina kupodza kwaMwari, saka hakuna kumuka kubva kuvakafa, nekuti kupodza kwaMwari ndirwo rubatso rwekumuka kubva kuvakafa. Amen!

<sup>75</sup> Munoziva kuti mari yerubatso chii, handiti? Mubhadharo wekufanobatira. “Akakuvadzwa nekuda kwekudarika kwedu; nemavanga Ake takapodzwa.” Cherechedzai kuti zvinoshamisa sei! TinoMuda.

<sup>76</sup> Zvino, mutumbi uno uri pasi pekutonga kweMweya. Hausati wapinda muchimiro cheShoko, asi tichiri muchimiro chenyama, asi tiri pasi peShoko. Kufa munyama kunotisvitsa ikoko.

<sup>77</sup> Zvimwe chetezvo, funga nezvemwana mudiki. Unogona kutora mukadzi, zvisinei kuti ane moyo wakaipa sei, paanenge aine pamuviri uye ava kusvika kunova amai. Tarisai, mwana uyu asati azvarwa, handina basa kuti mukadzi uyu ane hutsinye hwakadii, anobva aita mutsa chaizvo. Pane chimwe



chinhu nezvake chinoita...chinoita sehumwari, kuona amai vadiki vachigadzirira kuva amai, nemucheche. Sei zvakadaro? Mutumbi mudiki iwoyo, zvino, hausati wava mupenyu nazvino, munoona, chinhu choga chauri unongova nyama nemamhasuru. Kupfura kudiki ikoko, anongova mamhasuru ari kugwina-gwina. Asi kana abuda kubva muchizvaro, Mwari vanofemera mweya wehupenyu maari, zvino anobva akwetsura mhere. Munoona, sekungo—sekungova chokwadi kwekuti kune mutumbi wenyama uri kuumbwa, pane mutumbi wemweya wekuugamuchira uchingosvika pano.

<sup>78</sup> Zvino, kana munhu azvarwa patsva, kubva Kudenga, anova mucheche wepamweya muna Kristu.

Uye, zvakare, kana nguwo ino yenyama yadonhedzwa, pane mutumbi wenyama, tiyofani, mutumbi usina kugadzirwa nemaoko, usina kana kuberekwa nemudzimai, watinoenda kwauri.

Zvino mutumbi iwoyo unodzoka watora mutumbi wakabwinyiswa.

Ndicho chikonzero Jesu akaenda kugehena paAkafa, uye akanoparidzira kumweya yakanga iri mutirongo; akadzokera kutiyofani iyoyo. Oo, zvinoshamisa zvikuru! Tinotenda Mwari!

<sup>79</sup> VaKorinde Vechipiri 5:1, “Kana mutumbi uno wepanyika ukaparadzwa, tabhenakeri ino yepanyika, tine mumwe.” Munoona, takauchirika iwoyo, ndokuuya kubva kuna Mwari, chizenga; kuti tive nyama, kuti tiiswe pamuyedzo nekuzoyedzwa nechivi, sezvakaita Adhamu. Asi kana kuyedza kweShoko raVo kwapera, ipapo tinotorwa kumusoro kune mutumbi uyu watakagadzirirwa isu nyika isati yavambwa. Ndiro Shoko ipapo ratakachirika, kuti tiuye iko kuno, zasi kuno kuzoyedzwa nekuiswa pamuyedzo. Dai takauya kubudikidza naiwoyo, pangadai pasina muyedzo; taizoziva zvinhu zvose. Ndicho chikonzero Jesu aiziva zvinhu zvese, nekuti Aiva Shoko Asati ava nyama. Zvino tinobva tazova Shoko.

<sup>80</sup> Pano tinoubwa mumufananidzo weShoko, kuti tive mugoverani weShoko, tidye paShoko, nekufanotemerwa kubva pamavambo. Unoona here kachimvari kadiki kaya keHupenyu kawaiva nako mauri kubva pakutanga, pawakatanga rwendo rwako? Vazhinji venyu munogona kuzvirangarira. Wakajoinha chechi *iyi* uye ukajoinha chechi *iyi*, waiedza *ichi* *nechocho*; hapana chaigutsa. Ndizvozvo chaizvo. Asi rimwe zuva wakangoRicherechedza. Ndizvozvo.

<sup>81</sup> Humwe husiku ndaidzidzisa kune imwe nzvimbo, ndinofunga kwaiva kunze kuCalifornia kana Arizona, nezve... Ndinotenda kuti ndakambotaura kanyaya kadiki pano, nezvemurume akarindirisa huku uye iine zai rechapungu pasi payo. Zvino chapungu chiya pachakachechenywa, chaiva shiri inosekesa yati yamboonekwa nehuku idzi. Asi, chakafamba-

famba. Ndicho chakanga cha—chakanga chakashata pakati padzo, nekuti chaingotadza kunzwisisa kuti huku iyoyo inokukudza nekupara-para sei pamurwi iwoyo wemanyowa zvino yodya. Chaisakwanisa kubata pfungwa yacho. Vaibva vati, “Huya kuno udye, mudikani!” Asi a—akanga ari chapungu; akanga asingadyi nenzira iyoyo. Chakanga chisiri chikafu chake.

<sup>82</sup> Saka vaibata mhashu nezvimwewo zvakawanda, munoziva, vodaidza tuhukwana tudiki. Zvino tuhukwana twose itwotwo twaifamba pamwepo, twuchikukudza, nekudya. Asi chapungu chidiki chaisatongokwanisa kuzviita. Hazvina—hazvina kutaridzika zvakana kwachiri.

Saka rimwe zuva amai vacho vakauya vachichivhima.

<sup>83</sup> Zvino chainzwa huku iyoyo ichikukudza. Chaidza nepachaigona napo kuti chikukudze, asi chaitadza kuzviita. Chakaedza kurira sehuku, asi chaitadza kuzviita. Munoono, chaiva chapungu. Icho, pakutanga kwacho, chakanga chiri chapungu. Chakangochechenyerwa pasi pehuku.

Ndizvo zvakafanana nedzimwe nhengo dzechechi. Dzese. . . Ndizvo zvazingade kuva; kuda 1 kubva pane akararirwa, akarurama.

<sup>84</sup> Asi rimwe zuva amai vacho vakabhururuka, zvino vakarira. Chakazvicherechedza. Zvainzwika zvakana. Sei? Chakanga chiri chapungu, kubva pakutanga kwacho.

Ndizvo zvazviri neEvhangeri, kana Shoko, kana Simba raJesu Kristu. Kana munhu akafanotemerwa kuHupenyu Husingaperi, akanzwa kurira ikoko kwechokwadi, kudandzira kwaMwari, hapana chinogona kumudzivisa kubva paKuri.

Chechi inogona kuti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura,” ku-u, ku-u, ku-u. “Mira pano udye *ichi*, uye womira pano wodya *icho*.”

<sup>85</sup> Zvinhu izvozvo zvemuchirugwi hazvichiitire, zvachose. Chaenda! “Zvinhu zvese zvinogoneka!” Chinosimuka chichibva pasi.

Ndosaka, dambudziko rine Makristu mazhinji nhasi, havakwanise kubvisa tsoka dzavo kubva pasi.

Mai vekare vakati, “Mwanakomana, svetuka! Uri chapungu. Kwira kumusoro kuno kwandiri.”

Chikati, “Ami, handisati ndambosvetuka, muhupenyu hwangu.”

<sup>86</sup> Vakati, “Zvinoka, iwe svetuka! Uri chapungu, kutanga kwacho. Hausi huku.” Saka chakasvetuka kekutanga ndokufambisa mapapiro acho; hazvina kunyanyochibatsira, asi chakasimuka hacho kubva pasi.

Ndiyo nzira yatinoita nayo. Tinogamuchira Mwari nekutenda, neShoko rakanyorwa. Mune chimwe chinhu imomo; ndihwo Hupenyu Husingaperi huya. Wakafanotemerwa kwahuri.

<sup>87</sup> Sekuru nambuya vacho vaiva zvapungu. Chaive chapungu, nzira yese kudzokera kumashure. Chapungu hachivhengane nezvimwe zvinhu. Hachisi masanganiswa zvachose, ichapungu.

<sup>88</sup> Zvino, mushure mekunge wacherechedza kuti Shoko raMwari chairo chaiva Chikafu cheZvapungu, wakabva wasiya chimwe chinhu chacho. Wakabva zvino waumbwa kuva mumufananidzo mupenyu waMwari mupenyu. Wakanzwa kubva kutiyofani yako. “Kana mutumbi uno wepanyika waparadzwa, tine mumwe wakamirira.”

Munoti, “Ndizvo here, Hama Branham?”

Zvakanaka, ngatitorei zvapungu zvizhoma uye tozvitarisa kwemaminitsi mashoma. Paiva nezita, murume ainzi Mosesi. Munhu wese anoziva kuti muporofita anonzi chapungu, muBhaibheri.

<sup>89</sup> Kwaiva nemuporofita ainzi Mosesi. Zvino rimwe zuva Mwari vakamudana, uye havana kumutendera kuti aende mhiri kwenyika, zvino iye—iye akafira paDombo. Ngirozi dzakamutora ndokumuviga.

Paiva nemumwe murume, chapungu, asina kana kutombobvira afa. Akangofamba achiyambuka Jorodhani, Mwari ndokutumira ngoro yemabhiza pasi; zvino nguwo yenyama iyi akaidonhedza pasi, uye akasimuka ndokubata mubairo usingaperi.

Makore 800 akatevera, makore 800 akatevera, paGomo reKushandurwa, hepanoi pakanga pamire varume vaye 2. Mutumbi waMosesi wakanga waora kwemazana emakore, asi hepano paakanga ari muchimiro chekuti kunyange Petro, Jakobho, naJohane vakamucherechedza. Ameni! “Kana tabhenakeri ino yepanyika yaparadzwa,” kana uri chizenga chaMwari chakaraticidzwa pano panyika, “une mutumbi wakamirira mushure mekunge wasiya nyika ino.” Havoka vaine, vakamira paGomo reKushandurwa, mutiyofani yavo. Nekuti, vakanga vari vaporofita uko kwaiuya Shoko kwavari.

<sup>90</sup> Uyewo ngaticherechedzei mumwe muporofita, imwe nguva, ane zita rekuti Samueri. Akanga ari munhu mukuru. Akanga adzidzisa Israeri; akavaudza kuti havafanirwe kuva namambo. Akati, “Ndakambotaura here chinhu 1 kwamuri muZita raShe chisina kuitika?”

Vakati, “Kwete. Zvese zvawakagara uchitaura muZita raShe zvakaitika.”

Akanga ari muporofita, zvino akafa.

<sup>91</sup> Anenge makore 3 kana 4 akatevera, mambo akapinda mudambudziko; yakanga iri nguva apo Ropa raJesu Kristu rainge risati radeurwa. Akanga ari muparadhisu. Zvino muroyi wekuEndori akadana mumwe munhu kuti auye, kuzonyaradza Sauro. Zvino muroyi paakamuona achisimuka, akati, “Ndinoona mwari mudiki achisimuka kubva panyika.”

<sup>92</sup> Uye shure kwekunge murume wacho afa, avigwa, uye aorera muguva, heunoka amire ipapo mubako iroro, akapfeka hanzu dzake dzemuporofita, uye akanga achiri muporofita. Amen. Nekuti akati, “Wandidanirei kubva pazororo rangu, uchiona kuti wava muvengi kuna Mwari?” Mutarisei achiporofita. “Mangwana manheru, panguva ino, uchange uneni.” Akanga achiri muporofita, kunyange akanga abuda mumutumbi uno.

Munoona, akanga ari pano uye aiva chikamu cheShoko iroro, uye akapinda kubva kuhupenyu hwenyama achidzokera mumutumbi waakanga agadzirirwa nyika isati yavambwa. Akapinda mutiyofani, yaiva Shoko. Mazvibata here? Ndiko kunoenda vatendi vese kana tichinge tabva pano.

<sup>93</sup> Zvino, muchimiro ichocho, chidzitiro ipapo chinobviswa. Unoona, iwe uri Shoko, zvakare, kana uchinge wapinda imomo. Semwana mucheche; sezvandambotaura nguva shoma yadarika . . .

<sup>94</sup> Zvino cherechedzai. Mwari ngavarumbidzwe nekuda kweZvisimbiso zviri kuzaruka izvi, ndiwo munamoto wangu, kuziva zvinhu izvi!

<sup>95</sup> Zvino chizaruro chechokwadi chaMerkizedheki chinobuda pachena. Chii? Aiva Mwari, Shoko, asati Ava nyama; Mwari, Shoko. Nekuti, Aifanira kudaro; hakuna mumwe aigona kunge asingafi saYe. Munoona, ndaiva nababa namai; waiva navowo, zvakare. Jesu aiva nababa namai. “Asi Murume uyu akanga asina baba, kana kuva naamai.” Jesu ane nguva yaAkatanga; Murume uyu haana. Jesu akapa hupenyu hwaKe; Murume uyu haaikwanisa, nekuti Aiva Hupenyu. Uye ndiye Munhu mumwe chete nguva dzose. Ndinovimba kuti Mwari vano zvizarura kwamuri. Munhu mumwe chete iyeye, nguva dzose.

<sup>96</sup> Cherechedzai dunhurirwa raKe, “Mambo wekururama.” Zvino, VaHebheru 7:2, “Mambo wekururama, naMambo werugare.” Iye ndimadzimambo 2. Zvino tarisai, VaHebheru 7:2, “Mambo wekururama, zvakare ari Mambo werugare.” Iye ndimadzimambo 2 ipapo. Zvino sezvo Akauya munyama ndokugamuchirwa mutumbi waKe kumusoro, muna Zvakazarurwa 21:16, anonzi iYe, “Mambo wemadzimambo.” Ndiye vese vari 3, pamwe chete. Munoona, Mambo Mwari, Mambo Tiyofani, Mambo Jesu. “Ndiye Mambo wemadzimambo.”

Zvese zvakasangana, sezvakangoita munhu wemukati, mutumbi, nemweya, zvese zvinouya kuzoumba chinhu 1.

<sup>97</sup> Zvakarewo, ndiVo Baba, vaive kutanga; Mwanakomana; neMweya Mutsvene, Mweya.

“Mambo wekururama,” hunhu hweMweya; tiyofani, “Mambo we—werugare,” tiyofani; uye munyama Aiva “Mambo wemadzimambo,” Munhu mumwe chete.

<sup>98</sup> Apo tiyofani, Mosesi akaMuona, Eksodho 33:2, Akanga ari tiyofani. Mosesi aida kuona Mwari. Akanga anzwa inzwi raVo, akaVanzwa vachitaura naye, akaVaona mugwenzi imomo, seShongwe yeMoto huru. Zvino akati, “Ndimi Ani? Ndinoda kuziva kuti ndiMi Ani.” Mosesi akadaro. “Ndichaisa. . .” “Kana Mukaita kuti ndiKuonei, ndingada kuona chiso cheNyuu.”

<sup>99</sup> Vakati, “Hapana munhu angaona chiso chaNgu.” Vakati, “Ndichaisa ruoko rwaNgu pameso ako, uye Ndichapfuura nepo. Zvino unogona kuona musana waNgu, asi kwete chiso chaNgu.” Maona? Zvino paVakadaro, waiva musana weMunhu; yakanga iri tiyofani. Zvino Shoko rakauya kuna Mosesi, “NDIRI,” ndiro rakanga riri Shoko. Shoko rakauya kuna Mosesi muchimiro cheShongwe yeMoto mugwenzi raipfuta, wacho “NDIRI.”

<sup>100</sup> SeShoko rinobva padzidzo yebhaibheri, kubva patiyofani, waro, ndiregerereiwo, Vakauya kuna Abrahamama seMunhu, pasi pemuti wemuoki. Zvino tarirai ipapo. Kwakauya Murume kuna Abrahamama, vari 3, uye vakagara pasi pomuti womuoki, vari 3. Zvino cherechedzai, mushure mekunge Vataura naAbrahamama. . .

<sup>101</sup> Sei Vakauya? Abrahamama, ari iye wacho akanga aine vimbiso neshoko remwanakomana aiuya, uye zvakare akanga ari muporofita weShoko raMwari aivimba neShoko raMwari, achidana chero chaipesana sekunge chakanga chisipo. Munoono kuti Shoko rakakwana zvakadii? Shoko rakauya kumuporofita. Munoono, hapo paiva naMwari mutiyofani. Zvino Bhaibheri rakati, “Shoko rinouya kumuporofita.” Uye hepano paiva nesho—Shoko riri mutiyofani.

Zvino unoti, “Aiva Mwari here iyeye?”

<sup>102</sup> Abrahamama akati aiva. Akati zita raKe raiva. . . akaMudaidza kuti Elohim. Zvino, muna Genesi 1, munoono kuti, “Pakutanga *Elohim* akasika matenga nenyika.” Muna Genesi 18, tinoona kuti—kuti Abrahamama akadana Munhu uyu akanga akagara ipapo uye akataura naye, uye aigona kumuudza zvakananzika zvemoyo wake, akamuudza zvaifungwa naSara ari shure kwaKe, Abrahamama akati, “Uyu ndiElohim.” Akanga ari muchimiro chetiyofani. Mazvibata here? Cherechedzai mushure. . .

<sup>103</sup> Zvino tinoona kuti Aiva panguva iyoyo ari muchimiro chetiyofani. AkaMudaidza kuti, “Ishe Mwari, Elohim.” Zvino, muna Genesi 18, tinoona kuti ichokwadi.

<sup>104</sup> Zvino cherechedzai, Abrahamama. . . Paiva ne 3 vavo pamwe chete, asi Abrahamama paakasangana ne 3 ava, akati, “Ishe wangu.”

Asi Roti, zasi muSodhoma; 2 vavo vakadzikako ikoko, zvino Roti akaona 2 vavo vachiuya, ndokuti, “Madzishe angu.” Munoono, dambudziko raiva rei? Chekutanga, Roti akanga asiri muporofita, ndizvozvo chaizvo, kana kuti akanga asiri mutumwa wenguva, saka akanga asina chizaruro zvachose chekuti Aiva ani. Ndizvozvo chaizvo. Roti aigona kuvadana kuti “madzishe.” Dhazeni vavo, aingogona kungoti, “madzishe.”

Asi zvisinei kuti Abrahamama aona vangani, Aingova Ishe 1. Havoka avo Mwari. Uyu ndiye aiva Merkizedheki wacho.

<sup>105</sup> Cherechedzai, mushure mekunge hondo yaperu, Merkizedheki akapa chirairo kumwana waKe akanga akunda; pafungei ipapo, chikamu chaKe! Zvino tinoda kuona pano. Mumufananidzo hechino, chiri pachena, chirairo ichi. Mushure mehondo, Akazvipa iye pachaKe, nekuti chirairo chikamu chaKristu. Uye mushure mekunge hondo yaperu, mushure mekunge wapedza, zvino ndipo paunotora Kristu, wova chikamu cheMunhu uyu. Mazvibata here?

<sup>106</sup> Jakobho akaita mutsimba husiku hwese, uye ndokuramba kuMusiyu kusvikira Amuropafadza. Ndizvozvo chaizvo. Akarwira hupenyu! Uye mushure mekunge kurwa kwaperu, zvino Mwari vanokupa ivo pachaVo. Ndicho chirairo chaVo chechokwadi. Chingwa chiduku nekabhisikiti zvinongoChimirira. Haufanire kuchitora kunze kwekunge waita mutsimba nazvo uye wava chikamu chaMwari.

<sup>107</sup> Rangarirai, panguva iyi, chirairo chakanga chisati chambovambwa, kwete kutozovikira Jesu Kristu asati afa, mazana nemazana nemazana amakore akazotevera.

<sup>108</sup> Asi Merkizedheki, mushure mokunge mwana waKe Abrahamama akunda, Merkizedheki akasangana naye akamupa waini nechingwa; zvichiratidza kuti mushure mekunge hondo ino yepasi pano yaperu, tichasangana naYe kumatenga totora chirairo zvakare. Achange ari Mabiko eMuchato. “Handichazonwizve zvemuzambiringa, kana kudya muhero wacho, kusvikira ndaudya nokuunwa nemi, patsva, muHumambo hwaBaba vaNgu.” Ndizvozvo here?

<sup>109</sup> Cherechedzai zvakare, Merkizedheki akaenda kundasangana naAbrahamama asati asvika achidzoka kumusha. Mufananidzo wakanaka sei watinawo pano! Merkizedheki achisangana naAbrahamama asati asvika achidzoka kumusha, mushure mehondo.

Tinosangana naJesu mumhepo, tisati tasvika Kumusha. Ndizvozvo. VaTesaronika Vechipiri inotiudza kuti, nokuti, “tinolangana naYe mumhepo.” Mufananidzo wakanaka waRabheka achisangana naIsaka, mumunda, mukutonhorera kwezuya. “Tinosangana naYe muchadenga.” VaTesaronika Vechipiri vanotiudza kudaro. “Nokuti isu vapenyu uye vakasara hatingatadzisi kana kudzivisa avo vakavata; nokuti hwamanda

yaMwari icharira; vakafa muna Kristu vachamuka kutanga; isu vapenyu uye vakasara tichabvutwa pamwe chete navo, kundosangana naShe muchadenga.” Yakakwana, mifananidzo yose iyi.

<sup>110</sup> Nokudaro, tiyofani, kana uchinge wafa uye wapinda mutiyofani iyoyo, (chii chinoitika?) tiyofani inouya panyika kuzitora mutumbi wakadzikinurwa. Zvino kana uri kuno mumhepo, unotora mutumbi kuti usangane netiyofani, hezvoka izvo, “uye wobvutwa, woenda kunosangana naShe mumakore.”

<sup>111</sup> Ndianiko Merkizedheki uyu kunze kwaMwari!

<sup>112</sup> Zvino tinoona pano zviripachena chakavanzika chakazara chehupenyu hwedu murwendo, nerufu, uye nekwatinoenda mushure mekunge tafa. Zvakare, kufanotemerwa kuri pachena pano. Zvino teererai tichidzidzisa izvi, zvakanyatsonaka.

<sup>113</sup> Matanho e—echinangwa cheKusingaperi aVaiva nawo mune chakavanzika chaVo chazozarurwa zvino. Cherechedzai, kuchine matanho 3 ekunokwaniswa. Sokudzikinura kwaVanoita nyika, nenzira imwe cheteyo yaVanodzikinura nayo Chechi yaVo, Vanodzikinura vanhu, mumatanho 3. Zvino tarirai. Rekutanga kururamiswa, sekuparidza kwakaita Luther; rechipiri, kucheneswa, sekuparidza kwakaita Wesley; rechitatu, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ndizvozvo. Kwochizobva kwauya Kubvutwa!

<sup>114</sup> Zvino, nyika, Vakadzikinura nyika sei? Rekutanga, chii chaVakaita, payakatadza, Vakaisuka murubhabhatidzo rwemvura. Ndizvozvo. Akabva adonhedzera Ropa raKe pairi, kubva pamuchinjikwa, ndokuichenesa uye akaidana kuti yaKe pachaKe. Zvino ipapo chii chaAnoita? Sezvo Akabvarura nyika yose kubva mauri, uye akavandudza chinhu chacho chose nerubhabhatidzo rwemoto weMweya Mutsvene, Iye achavandudzawo nyika zvakare. Zvino ichapiswa neMoto, uye wochenesa utachiona hwise, kwemamiriyoni emamaera kuenda mudenga, zvinhu zvose zvichacheneswa. Uye kwobva kwava neDenga Idzva neNyika Itsva, sezvaungori uri chisikwa chitsva muna Kristu Jesu kana Mweya Mutsvene wakubata. Munoono, hezvoka izvo, chinhu chacho chose chiri pachena sezvachingava. Zvinhu zvese zviripachena muhutatatu.

<sup>115</sup> Kuberekwa kwepanyama kuri muhutatatu. Chii chekutanga chinoitika kumudzimai ari kuva nemwana? Chii chinobuda kutanga? Mvura. Chii chinotevera kubuda? Ropa. Idanho ripi rinotevera? Hupenyu. Mvura, ropa, mweya.

Chii chinoitika kuchirimwa? Chinoora. Chii chekutanga? Gunde. Chii chinotevera? Muchekechera. Chii chinotevera? Chikwande. Kwotevera tsanga, munoono, inobuda ichibva machiri. Matanho 3 chete acho, kusvikira chasvika patsanga. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>116</sup> Mwari vanozvisimbisa izvozvo. Zvagara zviri izvo. Mwari vanozvisimbisa kuti ichokwadi. Voratidza zviri pachena, vakafanotemerwa ndivo voga vanozivikanwa murudzikinuro. Mazvibata here? Regai nditaure zvakare. Vakafanotemerwa ndivo vega vanoverengerwa murudzikinuro. Vanhu vanogona kunge vari kuita sekunge, vachifunga kuti vakadzikinurwa, asi rudzikinuro chairwo ndeavo vakafanotemerwa. Nokuti, shoko chairwo rekuti *kudzikinura* rinoreva “kudzosa.” Ndizvo here? *Kudzikinura* chimwe chinhu...*Kudzikinura* chero chinhu, ndiko, “kuchidzosera panzvimbo yacho yepamavambo.” Hareruya! Saka vakafanotemerwa chete ndivo vachadzoswa, nokuti vamwe havana kubva Ikoko. Munoono, “kudzosa!”

<sup>117</sup> Uri woKusingaperi naYe, pamavambo...Hupenyu Husingaperi hwawaiva nahwo, pfungwa yaKe yezvawaiva, chete, Aida kuti iwe uzo...Aida kuti ini ndimire papurupiti, ndotaura. Aida kuti ugare pachigaro manheru ano. Zvino tinge tichishumira chinangwa chaKe chaZiyendanakuenda. Uye uyo wakabva kumusha, akauya chete panyika kuzoshumira chinangwa chaKe. Ndizvo here? Zvakanaka. Zvino, mushure mokunge chapera, unodzoswa muchimiro chakabwinyiswa; wakura uye wadzoswa zvakare.

<sup>118</sup> Ndosaka Pauro aigona kutauro, pavakanga vachivaka danda rokudimbura musoro wake; akati, “O rufu, rumborera rwako rwuripi? O guva, kukunda kwako kuripi? Asi ngavavongwe Mwari Vanotipa kukunda!” Akati, “Rufu, ndiudze paungandiite kuti ndidanidzire! Guva, ndiudze kuti uhandibata sei! Nokuti, ndakabata Hupenyu Husingaperi.” Amen! Akazvicheredza. Rufu, gehena, guva, hapana chaigona kumubata. Uye hapana chinogona kutikuvadza, tine Hupenyu Husingaperi! Akacherechedza kuti akanga akaropafadzwa neHupenyu Husingaperi.

<sup>119</sup> Sezvakangoita kadonhwe kadiki kedova. Kana ndichinzwisisa, ndiko...Handizive zvakananyanya kuwanda nezvemishonga. Asi, kunofanirwa kunge kuri ku—kugwamba kwemwando kana mhupo. Zvino kana husiku hwatonhora nekusviba, rinodonha kubva kumatenga uye rodonhera pasi. Radonha kubva kune imwe nzvimbo. Asi mangwanani anotevera zuva risati rabuda, rakarara ipapo, kamuchinda kadiki, kachibvunda. Asi ingoregai zuva ribude, ritarisei rochitanga kupenya. Riri kufara. Sei? Zuva richazoridaida kuti ridzokere chaiko kwarakabva.

Uye ndizvo zvakaitewo Mukristu. Hareruya! Tinoziva kana tikafamba tichipinda muHupo hwaMwari, chimwe chinhu chiri matiri chinotiudza kuti takabva kune imwe nzvimbo, uye tiri kudzokera zvakare neSimba iroro riri kutidhonza.

<sup>120</sup> Donhwe duku kedova, rinovaima nokupenya nokudanidzira, nokuti rinoziva kuti rinobva kumusoro uko, uye zuva iroro richarikwevera kumusoro ikoko chaiko zvakare.



Uye munhu ari chizenga chaMwari, akaberekwa naMwari, anoziva, hareruya, kuti paanosangana neMwanakomana waMwari, achatorwa kubva pano rimwe zuva. “Nokuti kana Ndikasimudzwa kubva panyika, ndichadhonzera vanhu vose kwaNdiri.” Amen!

<sup>121</sup> Zvino, cherechedzai, zvino tinoona Merkizedheki uye kuti sei Maria akanga asiri amai vaKe. Ndicho chikonzero Akamudana kuti “mudzimai,” kwete *amai*. “Akanga asina baba,” nokuti Akanga ari Baba, Baba vokusingaperi, 3 mune Mumwe. “Akanga asina mai,” zvirokwazwa kwete. Akanga asina baba, nokuti Aiva Baba. Zevakataurwa nemudetembi imwe nguva, achitaura rumbidzo huru kuna Jesu, akati:

NDINI ndakataura naMosesi mugwenzi  
raipfuta noMoto,

NDINI Mwari waAbrahamu, Nyamatsatsi  
yaMangwanani Inopenya.

NDINI Arfa, Omega, mavambo kubva  
kumagumo.

NDINI zvisikwa zvose, uye Jesu ndiro Zita  
racho.(Ndizvozvo.)

Oo, ko imi munoti ndiNi ani, uye vanoti  
Ndakabvepi,

Munoziva Baba vaNgu here, kana kuti  
munogona here kutaura Zita raVo?  
(Hareruya!)

<sup>122</sup> Ndiro Zita raBaba! Hongu, “Ndakauya muZita raBaba vaNgu, uye imi hamuna kuNdigamuchira.” Maona? Chokwadi, ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

<sup>123</sup> Zvino Merkizedheki uyu akava nyama. AkaZvizarura seMwanakomana wemunhu paAkauya, seMuporofita. Anouya mumazita 3 eMwanakomana: Mwanakomana wemunhu, Mwanakomana waMwari, Mwanakomana waDhavhidha.

<sup>124</sup> PaAive pano panyika, Aive Munhu, kuti azadzise Gwaro. Mosesi akati, “Ishe Mwari venyu vachasimudza Muporofita akafanana neni.” Saka Aifanira kuuya seMuporofita. Haana, kana kumboti, “Ndiri Mwanakomana waMwari.” Akati, “Ndiri Mwanakomana wemunhu. Munotenda Mwanakomana womunhu here?” Nokuti, ndizvo zvaAifanira kupupura nezvazvo, nokuti ndizvo zvaAiva.

Zvino Auya ari muZita remumwe mwanakomana: Mwanakomana waMwari, asingaonekwe, Mweya.

Uye paAnouya zvakare, ndiYe Mwanakomana waDhavhidha, achazogara pachigaro chaKe chehumambo.

<sup>125</sup> Zvino paAkanga ari pano uye aitwa nyama, Ainzi, “Mwanakomana womunhu.” Zvino, akaZvizivisa sei kunyika seMwanakomana wemunhu, Muporofita?

<sup>126</sup> Rimwe zuva ndaitaura nyaya yaPetro naAndreyra, munin'ina wake. Vaiva varedzi vehove, uye baba vavo Jonasi vakanga vari mutendi mukuru wekare. Rimwe zuva vakati vakagara padivi peigwa. Vakati, "Vanakomana, munoziva manamatiro atakaita pataida hove." Vaiva varedzi vanotengesa hove. Akati, "Takavimba naMwari, Jehovha, pakurarama kwedu. Uye ndave kuchembera zvino; Handichakwanisa kugara nemi vakomana kwenguva refu. Uye ndakagara, sevati vose vechokwadi, ndakatarisira nguva apo Mesiya iyeye achauya. Takava nemhando dzose dzevenhema, asi kuchauya iYe chaiye, rimwe zuva." Uye akati, "Kana Mesiya uyu auya, handidi kuti imi vakomana munyengerwe. Mesiya uyu haazongovi mudzidzi webhaibheri. Achange ari Muporofita, nokuti muporofita wedu Mosesi, uyo watinotevera, akadaro."

Zvino, chero muJudha upi zvake anotenda muporofita wake. Anodzidziswa kuziva izvozvo. Uye kana muporofita akataura chero chinova icho, saka ndicho chokwadi. Asi Mwari vakati, "Kana paine mumwe pakati penyu, wemweya, kana muporofita, Ini Ishe ndichaZvzivisa kwaari. Uye zvaanotaura zvikaikita, zvadaro chimunzwa uye mumutye; asi kana zvikasadaro, zvino musambomutya zvachose." Maona? Saka ndiko kwaive ku-kusimbiswa kwomuporofita.

<sup>127</sup> "Saka Mosesi aive muporofita akasimbiswa zvechokwadi, uye akati, 'Ishe Mwari venyu vachamutsa, pakati penyu, kubva pakati pehama dzenyu, Muporofita akafanana neni. Uye vose vasingaMunzwi vachabviswa pakati pevanhu.'" Akati, "Zvino, vana, rangarirai, kuti, seVaHebheru, tinotenda vaporofita vaMwari vakasimbiswa."

Zvino nyatsoteererai. Musazvipotsa izvi. Uye akati, "Kana Mesiya auya, muchaMuziva, nokuti Achange ari Mesiya Muporofita. Zvino, vakati pava nemakore 400. Hatina kumbova nemuporofita kubva pana Maraki, asi Achavepo."

<sup>128</sup> Rimwe zuva, mushure merufu rwavo, makore mashoma, mwanakomana wavo Andreyra aifamba achidzika zvake nemahombekombe. Zvino akanzwa mumwe murume wemusango anobva murenje, achiti, "Mesiya iyeye amire pakati penyu zvino!" Chapungu chikuru chiya chakasimuka murenje ndokubhururukira ipapo, chikati, "Mesiya ari pakati penyu izvozvi. Hatisati taMuziva nazvino, asi Amire pakati penyu. NdichaMuziva, nokuti ndichaona chiratidzo chichibva Kudenga."

Rimwe zuva akati, "Hero, tarirai, Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika!"

Akabva aenda...murume uyu akaenda, kundotsvaka mukoma wake. Akati, "Simoni, ndinoda kuti uuye kuno; tazomuwana Mesiya."

“Oo, pfuurira mberi, Andrey! Unoziva zviri nani pane izvozvo!”

“Oo, ndinoziva. Asi, izvo, Murume uyu akasiyana.”

“Ari kupi? Akabvepi?”

“Jesu weNazareta.”

“Kaguta kaya kadiki, kakaipa? Handiti, haAngambobva munzvimbo yakaipa, ine tsvina yakadaro.”

“Iwe chingouya uzoona.”

<sup>129</sup> Pakupedzisira akamunyengetedza kuti auye zasi nerimwe zuva. Saka paakauya pamberi paMesiya uyu, Jesu akamira ipapo, achitaura nevanhu. Paakafamba pamberi paKe, Akati, “Zita rako ndiSimoni, uye uri mwanakomana waJonasi.” Zvakabva zvapedza nyaya yacho. Akawana makiyi eHumambo. Sei? Aiziva kuti Murume iyeye akanga asingamuzivi. Uye Akamuziva sei, zvino baba vaye vane humwari vakanga vamudzidzisa kutenda Mesiya?

<sup>130</sup> Pakanga paine mumwe murume akanga akamirapo, ainzi Firipi. Oo, akafadzwa chaizvo! Aiziva mumwe murume, waakanga achidzidza Bhaibheri naye. Ndiye hutu kuenda, ndokupoterera nechikomo, ndokumuwana kunze ikoko mumunda wake wemiorivhi. Akanga akapfugama pasi, achinamata. Vakanga vava nezvidzidzo zveBhaibheri zvakanakama pamwe chete. Saka akaenda kunze ikoko uye akati, mushure mekunge apedza kunamata, akati, “Huya, uone Watawana; Jesu weNazareta, mwanakomana waJosefa. Ndiye Mesiya watiri kutarisira.”

Zvino ndinonzwa Natanaeri achiti, “Zvino, Firipi, hausi wava kupenga, here iwe?”

<sup>131</sup> “Oo, kwete. Kwete. Zvino rega ndikuudze. Unoziva, tanga tichinzvera Bhaibheri pamwe chete, uye muporofita akati Mesiya aizova ani?”

“Aizova Muporofita.”

“Unorangarira here muredzi mutana uya wawakatenga hove kubva kwaari, uyo akanga asina dzidzo yakakwana yekusaina zita rake, anonzi Simoni?”

“Hongu. Uh-huh.”

<sup>132</sup> “Akauya. Uye unozivei? Jesu uyu weNazareta akamuudza kuti zita rake raiva Simoni, akashandura zita rake kuva Petro, rinoreva kuti ‘dombo diki’ ndokumuudza kuti baba vake vaiva ani.”

“Zvakanaka,” akati—akati, “Handizive. Pane chakanaka chingabudawo muNazareta here?”

<sup>133</sup> Akati, “Ngatiregei kutaura nezvazvo; chingouya uone.” ipfungwa yakanaka, “Huya uone.”

Saka heunoi Firipi achiuya, achiunza Natanieri. Zvino paakafamba achiuya, Jesu zvichida akamira, achitaura, zvichida achinamatira vanorwara mumutsara wekunamatira. Zvino akati asvika pakanga paina Jesu, Jesu akamutarisa, ndokuti, “Tarirai muIsraeri asina nduru maari.”

<sup>134</sup> Zvino, iwe unoti, “Asika, akanga ari mapfekero aakanga akaita.” Oo, kwete. Vese vekumabvazuva vane mapfekero akafanana. Aigona kunge ari muSiriya, kana kuve ari mumwewo; ndebvu, nguwo.

<sup>135</sup> Akati, “Tarirai muIsraeri asina nduru maari,” neimwe nzira, “murume akatendeseka, akaperera.”

Zvino, zvakaita sekupedza Natanaeri simba. Zvino iye akati, “Rabhi,” zvinoreva kuti, “mudzidzisi.” “Rabhi, Makandiziva rinhi? Ko maziva sei kuti ndiri muJudha? Ko maziva sei kuti ndakatendeka, ndisina nduru?”

<sup>136</sup> Akati, “Firipi asati akudana, pawakanga uri pasi pemuti, Ndakakuona.” Uh! Mamaira 15 kure, kune rumwe rutivi rwenyika, nezuro wacho.

Akati chii? “Rabhi, Muri Mwanakomana waMwari. Ndimi Mambo weIsraeri!”

<sup>137</sup> Asi hapo pakamira vaprisita vava ipapo, vanozviita vega, vakazviomararisa vega, vakati, “Murume uyu ndiBherizebhabhu, muuki.”

Jesu akati, “Ndichakuregererai nokuda kwaizvozvo.”

<sup>138</sup> Zvino, rangarirai, havana kumbozvitaura zvinonzwika, asi vakazvitaura mumwoyo yavo. “Zvino akaziva mifungo yavo.” Ndizvozvo. Ndizvo zvinotaura Bhaibheri. Zvidaidze kuti *kuverenga pfungwa* kana uchida, asi iYe—iYe akaziva pfungwa dzavo.

<sup>139</sup> Zvino Akati, “Ndinokuregererai nokuda kwaizvozvo. Asi rimwe zuva Mwera Mutsvene uchauya kuzoita chinhu chimwe chete ichi,” mushure mokuenda kwaKe; “kungotaura shoko rinopikisana naWo, hazvizombofi zvakaregererwa munyika ino kana munyika inozouya.” Ndizvozvo here? Zvino, ivavo vaiva maJudha.

Zvino rimwe zuva Aifanira kuti aende kuSamaria.

<sup>140</sup> Asi tisati taita izvozvo, takawana mudzimai, kana, murume—murume, paAkanga achipinda nepasuwo rainzi Rakanaka, kuti akapodzwa. Zvino Jesu akaziva chinhano chake, ndokumuudza kuti, “Tora mubhedha wako uende kumba.” Zvino akazviita, ndokupora.

Zvino tinoona kuti, maJudha, vamwe vavo vakaMugamuchira. Vamwe vakazvitenda; vamwe havana. Nei vasina kuzvitenda? Vakanga vasina kugadzwa kuHupenyu. Vakanga vasiri chikamu chechizenga ichocho.

<sup>141</sup> Zvino rangarirai, ivo vaive vaprisita nevarume vakakurumbira. Uye Jesu...Fungai nezvevadzidzisi vebhaibheri nevaprisita ivavo, varume vawaisagona kuwanira mhosho muhupenyu hwavo. Jesu akati, “Muri vababa venyu dhiyabhore, uye mabasa ake munoaite.” Akati, “Kana dai muri vaMwari, maizoNditenda. Kana musingakwanisi kuNditenda, tendai—tendai mabasa aNdinoita; anopupura kuti ndiNi Ani.”

<sup>142</sup> Zvino, Bhaibheri rakataura, kuti, “Jesu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Jesu akati, “Mabasa aNdinoita uyo anotenda maNdiri achaitawo.” Ndizvo here? Cherechedzai, ndiye akanga ari Merkizedheki chaiye zvino.

<sup>143</sup> Zvino cherechedzai, zvakare, kwaingova nemarudzi 3 evanhu.

Makambondinzwa ndichiti ndaiva mupatsanuri. Ndiri. Makristu ose vapatsanuri; kwete rusarura rweruvara, asi kupatsanura mweya. Ruvara rwemunhu rweganda rake harwuna nechekuita naye. Iye mwana waMwari neKuzvarwa. Asi Mukristu, Mwari vakati, “Ndipatsanurirei...” “Budai kubva pakati pavo...” nezvimwe zvakadaro. Ivo mupatsanuri, wetsvina, pakati pechakanaka nechakaipa.

<sup>144</sup> Asi cherechedzai, vaive nerusarura panguva iyoyo, rusaruraganda, vaive maSamaria.

Zvino kune marudzi 3 bedzi evanhu panyika; kana tichitenda Bhaibheri; ndivo vanova, vanhu vaHamu, Shemu, naJafeti. Ndivo vanakomana 3 vaNoa. Tese takabva ipapo. Ndizvozvo. Zvinotiita tose kubva kuna Adhamu, zvinotiita tose hama. Bhaibheri rakati, “Neropa 1 Mwari vakasika marudzi ose.” Tese tiri hama, kuburikidza nemuhwezvwa weropa. Munhu wechitema anogona kupa munhu wechichena ropa, kana kuzvichinjanisa. Munhu wechichena anogona kupa mu—muJapan, munhu weyero, kana muIndia, munhu mutsvuku, kana vamwewo, kana muJafeni, kana ani zvake, aigona kumupa ropa, nokuti tose tiri ropa rimwe chete. Ruvara rweganda redu, kwatakagara, rwakanga rwusina chokuita nazvo.

Asi kana tapatsanurwa, ndipo patinobuda munyika, sekubuditsa Israeri kwaVakaita kubva muEgipita. Ndipo patinenge taparadzani swa nezvinhu zvenyika.

<sup>145</sup> Zvino, vakanga vari vanhu vaHamu, Shemu, naJafeti. Zvino dai taiva nenguva yekuronda madzinza tichidzokera kumashure, waigona kuona muAnglo-Saxon, kwaakabva. Zvino, akanga ari muJudha...MuSamaria, aive hafu muJudha neMurudzi, vakaroorana neMarudzi pakuita kwaBharami, neMoabhi. Vaiva maSamaria. Zvino vaiva maJuda neMarudzi.

Zvino, isu maAnglo-Saxon takanga tisina chekuita nazvo. Hatina Mesiya upi zvake wataitenda, kana chimwewo chinhu. Takanga tisingatarisire mumwe. Takazopinzwa mushure mazvo.

Jesu akauya kune vokwaKe pachaKe, uye vokwaKe pachaKe havana kuMugamuchira. Zvino Akati kuvadzidzi vaKe, “Musaenda nenzira yeMarudzi, asi endai kumakwai akarasika eIsraeri.” Zvino Akaenda chete kumakwai akarasika eIsraeri. Zvino tarisai, AkaZviratidza seMwanakomana wemunhu, pamberi pemaJudha. VakaZviramba.

Zvino, muSamaria, ari hafu muJudha neMurudzi, vakatendawo zvakare, uye vaitarisira Mesiya.

Isu takanga tisiri. Takanga tiri vahedheni, tiine tsvimbo kumusana kwedu, tichinamata zvfananidzo; Murudzi.

<sup>146</sup> Asi zvino rimwe zuva, Mutsvene Johane 4, Aitofanira kupfuura nemuSamaria, panzira yaKe yekudzika kuJeriko. Asi akapota nekumusoro kuSamaria. Zvino Akati achikwidza ikoko, Akagara pasi patsime kunze kweguta rainzi Sikari. Uye tsime racho, kana wakambosvikako, kanzvimbo kadiki kakada kuita sezvizvi pano. Uye kune chitubu cheruzhinji ipapo, chemvura, kwavanouya vose. Zvino madzimai aiuya mangwanani, votora zvirongo zvavo zvemvura, uye vozviisa pamisoro yavo, uye chimwe chiri pahudyu imwe neimwe, uye vofamba nacho vakanyatsotwasanuka chaizvo, vasingambodonhedze kana donhwe zvaro; vachitaurirana zvavo mumwe kune mumwe. Saka, vaizodaro, vanhu vaiuya kunze ikoko.

<sup>147</sup> Saka dzaive nguva dzingaita 11 o'clock masikati. Saka Akatuma vadzidzi vaKe muguta, kunotenga zvokudya, chikafu. Zvino pavakanga vaenda. . .

<sup>148</sup> Paiva nemudzimai aive nembiri yakaipa, chi, tingamuti, nhasi uno, nzenza, kana kuti chipfeve. Aive nevarume vakawandisa. Saka Jesu paaive akagara ipapo, mudzimai uyu akabuda nenguva dzingaita 11 o'clock. Munoona, haaigona kuuya nemhandara padzaiuya mangwanani kuzatora mvura yavo yekugeza; aitofanira kumirira kusvika vose. . . Vaisasangana sezvavanoita zvino. Akanga akaiswa mucherechedzo. Saka zvino, akabuda kuzochera mvura, saka akangatora chiwindirasi chakare, ndokuisa hochekeso pachirongo, ndokutanga kuchidzikisa pasi.

Akanzwa mumwe Munhu achiti, “Mudzimai, Ndiunzirewo mvura yokunwa.” Zvino, rangarirai, uyu ndiMerkizedheki. Uyu ndiJesu, nezuro, Mwanakomana wemunhu.

<sup>149</sup> Zvino akaringa-ringa, ndokuona muJudha. Saka akati, “Changamire, hazvikodzeri kuti muJudha akumbire muSamaria chero chii zvacho. Ndiri mudzimai wemuSamaria, saka Mataura zvisizvo heNyu. Maisafanira kundikumbira chinhu chakadaro saichocho. Hatidyidzani.”

<sup>150</sup> Akati, “Asi dai waiziva kuti ndiAni ari kutaura newe, waizoNdikumbira mvura yokunwa.”

Akati, “Muchaichera sei? Tsime rakadzika, uye haMuna chekucheresa chacho.”

<sup>151</sup> Akati, “Mvura yaNdinopa iMvura yeHupenyu, inotubukira kuHupenyu Husingaperi.”

Akataura naye kusvikira Awana zvaive zviru chihano chake. Uye zvakare . . . Tarisai zvaAkataura kwaari zvino, “Enda unotora murume wako muuye pano.”

Zvino akati, “Handina murume.”

<sup>152</sup> Akati, “Wataura chokwadi, nekuti wakava ne 5, uye waugere naye zvino haazi wako. Saka, pane izvi, wataura chokwadi.”

Tarisai mutsauko pakati pemudzimai iyeye neboka iroro revaprisita. Aiziva zvakawanda pamusoro paMwari kupfuura zvaiita boka rose riya revaprisita, vakabatanidzwa.

<sup>153</sup> Mudzimai akati, “Changamire, ndinoona kuti Muri Muporofita.” Akati, “Hatisati tava nemumwe kwemakore 400. Zvino, tinoziva kuti Mesiya ari kuuya. Zvino kana Mesiya auya, ndizvo zvaAchaita.” Ndicho chaiva chiratidzo chaMesiya, nokuti Akanga ari Mwanakomana wemunhu. Akati, “Ndizvo zvaAchaita kana Auya. Munofanira kunge muri muporofita waKe.”

<sup>154</sup> Akati, “Ndini iYe.” Hapana mumwe aigona kutaura izvozvo.

<sup>155</sup> Akadonhedza chirongo chiya chemvura ndokumhanyira muguta, ndokuti, “Huyai, muone Murume Andiudza zvakaita. Haazi iye Mesiya wacho here?”

Zvino rangarirai, Akavimbisa kuita chinhu chimwe chete ichocho pakuguma kwerudzi rweMarudzi.

MaJudha akange ave nemakore 4,000 ekutarisira Mesiya, makore 4,000 edzidziso yekuti Aive achiuya, uye zvaAizoita kana Asvikapo, uye vakatadza kuMuona, kana kuti kutadza kuzvicherechedza. Zvino paAkaZvizivisa nenzira chaiyo yezvakarehwa muBhaibheri yaAkati Aizoita, paAinge ari tiyofani uye akazobva ava nyama ndokugara pakati pavo, vakatadza kuzviona, uye vakadana mabasa aKe kuti mabasa adhiyabhore.

<sup>156</sup> Zvino, tave nemakore 2,000 edzidziso. Ichidzika nemuChechi yeRoma Katorike, mushure mevaapostora. Zvino tinobva tadzika nemuRoma Katorike, maGiriki, nevamwe vakadaro, zvichienda zvichidzika kusvika kuzera raLuther, naWesley, nevamwe, masangano 900 akasiyana-siyana. Zvichiuya zvichidzika, vakava nemazera ose aya, vachidzidzisa.

Zvino Akavimbisa, nguva yokupedzisira yave kusvika, kuti mufananidzo weSodhoma neGomora waizovako zvakare, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kwenguva yekupedzisira, Mwanakomana woMunhu achaZvizarura zvakare.” [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

“Kwechinguvana nyika haichazoNdionizve; asi imi muchaNdiona, nokuti iNi,” chisazitasingwi, “Ndichava nemi, kunyange mamuri, kusvikira kumagumo, kuguma kwenyika. Ndichava nemi.” Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Maona?

<sup>157</sup> Munoono, mu*Samaria* aive, zvamazvirokwazvo, kubva mumharidzo yangu yehusiku hwazuro, aiva Hagari, munoono, mufananidzo wakatsveyamiswa. Mu*Judha* aive Sara, kana kuti muSara-ite. Asi *Murudzi* ndewaMaria, Mbeu yeHumambo, Mbeu yeHumambo yaAbrahama.

<sup>158</sup> Zvino zvakavimbiswa kuti mumazuva ano ekupedzisira, kuti, Mwari mumwe chete uyu, Kristu mumwe chete uyu, aizodzoka pano oZvizarura seMwanakomana wemunhu.

Sei? Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Uye kana dai Akarega ma*Judha* iwayo achibudirira, ne... uye ovapa chiratidzo ichocho chaMesiya, zvino ozobva asvika kumagumo edzidziso yeMarudzi uye ovarega vachingopinda nedzidzo yebhaibheri, Anenge asina nduramo. Anofanira kuita zvimwe chetezvo, nokuti Bhaibheri rakati, muna thir-... VaHebheru 13:8, “Ndiye mumwe chete.”

Uye Akavimbisa muna Maraki 4, neMagwaro ose akasiyana-siyana, kuti, mazuva okupedzisira, chechi ichange yakagara sezvairi chaizvo nhasi, uye nyika ichange yakadaro.

<sup>159</sup> Tarisai nyika nhasi. Tarisai chinhano cheSodhoma. Tarisai kudengenyeka kwenyika munzvimbo dzakasiyana-siyana, nezvinhu zviri kuitika. Tarisai chechi nenyonganyonga yairi mairi, yeBhabhironi. Tarisai mutumwa kwairi, mumwe Oral Roberts naBilly Graham.

G-r-a-h-a-m, kekutanga katakambova nemutumwa, kumakereke ose, uyo ane zita rake rakamboguma nah-a-m, saAbrahama. A-b-r-a-h-a-m-a mavara 7. G-r-a-h-a-m mavara 6. Ari kupi? Kunyika. 6 inhamba yemunhu. Munhu akasikwa pazuva rechitanhatu. Asi 7 ndiyo nhamba yaMwari.

<sup>160</sup> Zvino vatarisei zasi ikoko muSodhoma. Zvino havu vatumwa vavo zasi ikoko vari kutaura kwavari.

Asi zvino Mbeu yaAbrahama iya yehumambo iri kupi? Chiratidzo chavo chiri kupi? chaAkati, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva eSodhoma,” kuti Mwari vakadzika pasi ndokuratidzwa munyama yemunhu, ndokutaura zvakanga zvichifungwa naSara kutsi kwemoyo wake, mutende raiva shure kwaKe: chiratidzo chekupedzisira nyika yeMarudzi isati yaparadzwa nemoto.

Zvino Chechi ine chiratidzo chaYo chekupedzisira nyika yose isati yazoparadzwa, humambo huno hweMarudzi huchaparadzwa nemoto uye nehasha dzaMwari. Munozvitenda here?



<sup>161</sup> Kuti Merkizedheki uyu aive nyama, akaZvimiririra ari mumutumbi wemunhu; uye pamberi apo Akazoitwa nyama. Uye zvino, manheru ano, ndiYe mumwe chete, zuro, nhasi, nokusingaperi. Munozvitenda here?

<sup>162</sup> Ndiani Merkizedheki uyu, zvino, anova mumwe chete zuro, nhasi... “Asina kumbova nababa, asina kumbova naamai; haAna kumbova nemavambo emazuva, haAna kumbova nemagumo ehupenyu.” Zvino Akasangana naAbrahama, uye imhandoi yechiratidzo chaAkaita? Zvino paAkaitwa nyama, Akati zvaizodzokorora zvakare magumo ave pedyo kusvika. Munozvitenda here? Ndinovzitenda.

Ngatinamatei.

<sup>163</sup> Mwari Vanodikanwa, ndinotenda Magwaro, aMakati Maiva “mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Uye nekuperera mumwoyo mangu, Ishe, ndinoziva kuti chimwe chinhu chiri kuda kuitika. Handikwanise kunyatsochinanganidza. Ndinotyta kutaura chero chinhu, Ishe. Munoziva mwoyo womuranda weNyu.

<sup>164</sup> Uye kuti kangani, zvichidzika nemuzera paMakatumira zvinhu, vanhu vakatadza kuzvibata. Munhu anogara achirumbidza Mwari nokuda kwezvaVakaita, uye achitaura zvinhu zvikuru zvaVachaita, asi achifuratira zvaVari kuita. Ndizvo zvazvakave nemuchizvarwa. Sei kereke yeRoma yakatadza kuona Mutsvene Patrick semuporofita waMwari? Sei vakauraya Joan wekwaArc? apa akanga ari mu—muporofitakadzi, vakamupisa somuroyi. Baba, zvinogara zvakapfuura. Munozvivanza kubva kumeso evakachenjera nevakangwara. Ndosaka Makati kune vapisita ivavo, “Munoshongedza makuva evaporofita, uye muri imi makavaisa imomo.” Mushure mokunge vaenda, vanoona kukanganisa kwavo. Vanogara vachiKutambudzai, Ishe, mune chero chimiro chaMunouya muri.

<sup>165</sup> Ndinonamata, manheru ano, Mwari, kamwe chete zvako zvakare. Mangwana tiri kufanirwa kuva tiri...kuzoenda kuTucson. Mamwe matunhu enyika, mamwe maguta atinofanira kuparidza maari. Asi, Mwari Vanodikanwa, panogona kunge paine vaenzi pano manheru ano vasina kumbobvira... Vakanzwa Mashoko achiparidzwa, asi havana kumboRiona richiratidzwa.

SekuKukumbirai kwandaita kwekutanga. Apo vadzidzi vaya, Kreopasi neshamwari yake, vaibva kuEmausi, vachifamba havu munzira, uye Imi mukabuda musango mukatanga kutaura navo, mushure merumuko, mukavaparidzira. Handiti, Akati, “Mapenzi, vane moyo inononoka. Hamuzivi here kuti Kristu anofanira kutambudzika pazvinhu izvi, obva azopinda mukubwinya kwaKe?” Asi zvakadaro havana kuzvicherechedza.

Zuva rose vakafamba neMi, asi zvakadaro havana kuKuzivai. Asi humwe husiku. . .

Husiku hwakasvika, vakaKugombedzerai kuti mupinde. Pavakapinda muimba diki yevaeni ndokuvhara misiwu, zvino Makaita chimwe chinhu nenzira yaMakangoita nayo Musati marovererwa, uye vakacherechedza kuti aive Kristu amuka. Nenguva shoma Makange matova kuseri kwezvidzitiro uye maenda. Nekukurumidza vakamhanya vakandoudza vadzidzi, “Ishe vamuka zvirokwazvo!”

<sup>166</sup> Mwari Baba, ndinotenda kuti Muchiri vapenyu. Ndinoziva kuti Muri. Uye Makazviratidza kwatiri nguva zhinji kwazvo. Mungangozviitawo here kwatiri kamwe chete zvakare, Ishe? Kana tawana nyasha pamberi peNyu, ngazviitike kamwe chete zvakare. Ndiri muranda weNyu; ava varanda veNyu vari muno. Ishe, zvese zvandataura hazvizombova. . . Shoko rimwe chete kubva kwaMuri ringapfuura zvandataura muhusiku 5 huno, kana mharidzo 5. Rinozova rinopfuura, ringori izwi rimwe chete kubva kwaMuri. HaMungatauri here, Ishe, kuti vanhu vazive kuti ndavaudza Chokwadi? Zviitei, Mwari. Ndinozvikumbara muZita raJesusu, kamwe chete zvakare kano. Amen.

<sup>167</sup> Zvino, handikuzivei. Ndinoziva vamwe vanhu. Ndinoziva mukomana agere *pano*. Ndinoziva Bill Dauch akagara *apo* chaipo. Ndinoda ku. . . Hevano! Hama Blair, Rodney Cox. Zvakaoma kuona kunze uko.

Kudivi *rimo*, pari zvino chaipo handisi kuona munhu, chaizvoizvo, wandinoziva.

<sup>168</sup> Zvino vangani vari muno vanoziva kuti ndiri mutorwa kwamuri? Simudzai maoko enyu, vanoziva kuti hapana chandinoziva pamusoro penyu, simudzai maoko enyu kumativi ose maviri.

Vangani vari muno vane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka, kana chimwe chinhu chamunoziva kuti handina chandinoziva nezvacho? Mungasimudze maoko enyu here.

Zvino, zvingave zvachose, zvisingabviri zvachose kuti ndizive chero chinhu pamusoro penyu. Tochtongoti, zvino, zvinotofanira kubva kune chimwe chizaruro cheMweya.

Uye nokuti ndakakuudzai husiku humwe nehumwe hwose uhwu, uye nemanheru ano, kuti haAna kufa; Ari pano, uye akavimbisa kuita chinhu chimwe chetecho. Uye akavimbisa kuti paizouya nguva mumazuva ekupedzisira, maererano naMaraki 4 uye maererano naMutsvene Ruka, kuti Aizoonekwa zvakare ari muchimiro chemunhu pakati pevanhu vaKe uye ogoita zvinhu zvimwe chetezvo, uye ogozarura chinhu chimwe chete, chiratidzo chimwe chete chaMesiya. Vangani vanozviva, imi vaverengi veBhaibheri, munoziva kuti iChokwadi? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Mese munofanira kunge muri vaverengi veBhaibheri.

169 Zvino, ndinoziva kuti hazvizivikanwi nevanhu nhasi, asi zvakadaro iChokwadi. Ndicho chikonzero vasina kuziva Jesu weNazareta. Vaiziva zvitendwa zvechechi yavo, asi vakanga vasingaMuzive. Asi Akauya nenzira yakangorehwa neBhaibheri; kwete mudzidzi webhaibheri, kwete muprisita. Akauya seMuporofita, uye vokwaKe pachaKe havana kuMugamuchira.

170 Zvino, kana Mwari vakazochengeta Shoko ravo, uye kana ndikaita seku...zvaitika kuti zvawira pane mumwe munhu wandinoziva, zvino ndi—ndichatora mumwewo munhu. Munoono, ndinoda mumwe munhu wandisingazivi. Uye ndinoda kuti munamate.

171 Zvino, tarisai, paiva nemudzimai mudiki pane imwe nguva aiva nehutera. Akanga apedzera mari yake kuna vanachiremba; hapana chavakagona kumubatsira. Zvino akati mumoyo make, “Kana ndikakwanisa kubata hanzu dzeMurume uyo, ndichapodzwa.” Munorangarira here nyaya yacho? Uye saka vese vakaedza kumuita kuti agarire kure, asi akaramba achimanikidzira kusvika abata nguwo yaKe, akadzokera zvake ndokunogara pasi.

172 Zvino nyatsoteererai. Zvino ipapo paAkadaro, mudzimai paakadaro, Jesu akatendeuka ndokuti, “Ndiani aNdibata?”

173 Handiti, Petro muapostora akaMutsiura. Anogona kunge akataura chimwe chinhu chokuti, “Ishe, regai kutaura chinhu chakadaro. Vanhu vanozotenda kuti pane chimwe chinhu chakakanganisika paMuri. Nokuti, paMavakumbira kuti vadye nyama yeNyu nokunwa Ropa reNyu, nechekare vanotofunga kuti pane chimwe chinhu chakakanganisika. Uye Moti, ‘Ndiani aNdibata?’ Handiti, mhomho yose iri kuKubatai.”

174 Akati, “Hongu, asi Ndinoona kuti simba rabuda kubva maNdiri.” Ikoko kwanga kuri kubata kwemhando yakasiyana. Zvino, chero ani zvake anoziva kuti *simba* kuva ne “simba.” “Ndapera simba; simba raNdisiya.”

Zvino Akatarisa-tarisa paungano kusvikira Awana mudzimai mudiki uyu, ndokumuudza nezvekubuda ropa kwake. Uye akanzwa mumutumbi wake kuti kubuda kweropa kuya kwaive kwamira. Ndizvo here? Uye Akati, “Kutenda kwako kwakuponesa.”

Zvino, izwi rechiGiriki rokuti *sozo*, iro vo rinonyatsoreva kuti “kuponswa,” panyama kana pamweya, zvimwe chete. Iye “akaponesa.” Ndiye—ndiYe Muponesi wako.

175 Zvino, kana aive iYe nezuro, uye nemaitiro aAkaita, kuratidza kuti Akanga ari pakati pevanhu, Mesiya akavimbiswa; uye iri iyo nzira yaAkaZvizivisa, uye yakavimbiswa neBhaibheri, Achaita zvimwe chetezvo zvino; haAnga—haAngazofanira kuita zvimwe chetezvo here?

176 Unoti, “Akataura nezvekupodza vanorwara here?” Hongu!

VaHebheru, Bhaibheri randabva kuverenga mariri, rakataura kuti, “Jesu Kristu zvino ndiye Muprisita wedu Mukuru anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu.” Vangani vanoziva kuti ichokwadi? Bhaibheri rakataura kudaro. “Ndiye Muprisita Mukuru zvino anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu.” Zvino kana Ari Muprisita Mukuru mumwe chete waAiva panguva iyoyo, Anozoita sei zvino? Anozofanira kuita nenzira imwe chete yaAkaita kare, kana Ari Muprisita Mukuru mumwe chete. Zvino, unogona. . .

Handisi ini Muprisita wenyu Mukuru. Unogona kundibata, uye zvinenge zvakangoita sekubata murume wako, kana hama yako, kana chero mumwewo, munhu.

<sup>177</sup> Asi iwe rega kutenda kwako kuMubate, uye ugotarisa zvinoitika. Zvino, kana ndiri muranda waMwari uye ndikakuudzai Chokwadi, Mwari vanosimbisa izvozvo kuva Chokwadi. Uye zvinozoratidza kuti Jesu Kristu ari kurarama manheru ano, amire pano. Ndizvo here?

Zvino, ivai nekutenda, divi rimwe chete panguva imwe, divi rimwe. Ivai nekutenda kunze uko. Regai ndigare pamaikorofoni pano, nekuti havasi kukwanisa kundinzwa.

<sup>178</sup> Mumwe munhu ingotarisa kumusoro kuna Mwari, uye woti, “Mwari, murume uyo haandizivi. Hapana chaanziva nezvangu. Ndiri mutorwa akakwana kwaari. Asi regai kutenda kwangu kuKubatei, Ishe. Uye Munoziva dambudziko randinaro, Ishe. Munoziva zvose pamusoro pangu. Munoziva kuti ndini ani, zvimwe chete sekuziva kwaMakaita kuti Petro aiva ani, zvimwe chete sekuziva kwaMakaita Natanieri, sekuziva kwaMakaita chainetsa kumudzimai aibuda ropa. Zvino murume uyu anondiudza kuti Muri ‘mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.’ Zvino, Ishe, regai kutenda kwangu kuKubatei.”

Uye kana Akazviita, uye oZviratidza zvisina kukundika pano, vangani venyu vachaMutenda nemoyo wenyu wose; kana Akazviitira munhu mumwe chete zvake, kana 2, kana 3, se—sechapupu? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Mwari vakuropafadzei.

<sup>179</sup> Zvino, Mwari Baba, izvi hazvisi zvachose mumaoko echeru munhu upi zvake. Anotofanira kuva ari mashura epamweya. Saka ndinonamata kuti Mundibatsire zvino, Ishe. Ndiri mumaoko eNyu. Itai neni sezvaMunoona zvakakodzera. MuZita raJesu. Amen.

<sup>180</sup> Zvino, usahuta-huta. Ingozvininipisa, neruremekedzo uti, “Ishe, ndichaKushumirai. Uye ichocho chichava chokwadi, chekuti, kana ndikakwanisa kubata nguwo yeNyu, zvino Imi mopindura kubudikidza nemumurume uyo. Zvichandiratidza kuti zvaataura iChokwadi.” Ndizvo here?

<sup>181</sup> Vangani vakamboona mufananidzo weChiedza ichocho? Uzere munyika yose, kwose-kwose. Sainzi yakautora

ndokuongorora, uye kwese-kwese. Zvino, Ari pano chaipo zvino; mumwe cheteYe akataura nezve*Kuroorana Nekurambana*, mumwe cheteYe akanga ari mugomo, akazunungutsa zvikomo kumashure uko, mumwe cheteYe aive zasi kuno kurwizi muna '33, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ndiye mumwe chete.

<sup>182</sup> Zvino, pane mudzimai, uye anocherechedza zvino kuti pane chimwe chinhu chaitika. Chiedza icho chiri pamusoro pake chaipo. Akagara pano *apa*, akapfeka juzi regirinhi, kana zvimwe zvakadaro. Handizivi mudzimai uyu. Ndinofunga kuti tiri vatorwa mumwe kune mumwe. Ndzivozvo. Munotenda here kuti Mwari. . . Muri—mune chimwe chinhu chamuri kuda, uye munotenda here kuti Mwari vanogona kundizarurira kuti dambudziko renyu chii? Uye kana Vakazviita, munobva maziva kuti rinofanirwa kunge riri simba repamweya, nekuti handikuzivei. Zvino rinofanira kuuya kuburikidza nemweya.

Zvinoenderana nezvamunofunga kuti riri. Munogona kutora divi renyu nemuprisita, moridaidza kuti “dhiyabhore,” kana kuti munogona kutora divi remutendi uye moridaidza kuti “Mwari.” Chero zvamunotenda, ndiko kuchabva mubairo wenyu.

<sup>183</sup> Kana Mwari vakazarura kwandiri dambudziko renyu, mungaVagamuchira here seyananiso yenyu—yenyu kudambudziko iroro? Handizivi kuti dambudziko nderei. Asi ndinoziva, uye munoziva, kuti chimwe chinhu chiri kuitika.

<sup>184</sup> A. . . Zvino, regai ndingokuudzai manzwiwo amuri kuita, uye munobva maziva: manzwiwo chaiwo anodziya, anotapira, anozorodza. Ndakatarisa paChiri chaipo. Chiedza chiya, Chiedza cheamber chakaremba pamudzimai.

Zvino mudzimai uyu ari kutambudzika nedambudziko remudumbu make. Imhando yezvimapundu, tingati, mudumbu mavo. Havasi wekuno. Kwete. Munobva kure nepano handiti here? Ndzivozvo. Munobva kuWisconsin. Ndzivo here? Chokwadi. Zvino mapodzwa. Kutenda kwenyu kwakuponesai.

<sup>185</sup> Zvino chindiudzai kuti ndiAni abatwa nemudzimai uyu. Ndiri kure naye nemayadhi 25. Abata Jesu Kristu, Muprisita Mukuru. Munozvitenda here?

<sup>186</sup> Ndakatarisa mudzimai wandataura naye. Mudzimai uyu, ndakanyatsomutarisa, nokuti ari kunamatira mumwe murume zvakasimba chaizvo. Vandiuudza kuti vane murume. . . Hapana chavambondiudza nezvazvo.

Asi zita ravo ndiMai Waldrop. Vanobva kuPhoenix. Vakamutswa kubva kuvakafa, uye chiremba wavo akauya nema x-ray ndokuratidza kenza yaive iri mumwoyo. Vakafira mumutsara wekunamatirwa. Kava kare zvakadii, Mai Waldrop? Makore 18 akapfuura, uye hapo pavakagara manheru ano, chapupu chinorarama. Chiremba wavo akauya kumusangano,

akaunza...Akati, “Ko mukadzi angararama sei?” Asi hapo pavari, uye pasina chiratidzo chayo.

<sup>187</sup> Vauya nomumwe munhu, uye vari kumunamatira. Zvino, ava kufa, nechirwere cheshuga. Zvino, izvozvo ndanga ndichizviziva. Asi nokuda kwekuti muri kunamata... Munoziva handizivi kuti ndiani, Mai Waldrop.

<sup>188</sup> Anobva kuMissouri, uye zita rake ndiVaCooper. Ndizvozvo. Zvino, tendai, munogona kudzokera kumba munopora, changamire. Zviri kwamuri, kana mukazvitenda.

<sup>189</sup> Heunoi mudzimai, uye ari kurwara nechinhano cheasthma, zvinetswa zvakasiyana-siyana. Haasi wekuno. Agere kunze uko muchaunga, kunze *uko* chaiko. Ndinovimba achawana... Haasi wekuno. Anobva kuGeorgia. Muzvare McKenny. Unotenda here nomwoyo wako wose, uye unotenda kuti Mwari vachakupodza? Simuka netsoka dzako, kana uri mutorwa kwandiri uye chiri chokwadi. Jesu Kristu anokupodza. Unotenda here?

<sup>190</sup> Kumashure kwangu, kune murume akagara kumashure kwangu. Ari kubata Mwari. Uye icho, chaari kuda, ane mwana ane dambudziko remoyo. Zvino mwana iyeye ane ruzha mumwoyo make, ndizvo zvakataurwa nachiremba. Uye zita remurume iyeye ndiVaCox. Simukai, VaCox. “Zvino Vakaudza Sara zvaafunga, shure kwaVo.”

<sup>191</sup> Mhiri chaiko kwenzira iri pakati pemacheya kubva kwaari, kumashure zvishoma, pane murume asiri wekuno, asi anobva kuNew Mexico. Handisati ndambomuona, muhupenyu hwangu. Ndakatamutarisa zvino, uye ari kumashure kwangu. Anobva kuNew Mexico. Zvino murume uyu ane musikana waakabatikana nezvake, uye musikana wacho ane chimwe chinhu chakakanganisika nemukanwa make. Zviri... Kumusoro kwemukanwa make ndiko kwakakanganisika. Zvino zita remurume uyu ndiVaWest. Mungasimukawo here, changamire. Ndiri mutorwa zvachose kwavari, asi Ishe Mwari vachapodza mwana wavo.

<sup>192</sup> Unotenda zvino nemoyo wako wese here? Vangani venyu vanotenda zvino nemoyo wenyu wese? Zvino, Jesu Kristu haazi here mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi? UnoMugamuchira zvino seMuponesi wako here? Simudza ruoko rwako. Unotenda maAri seMupodzi wako here?

<sup>193</sup> Pano, heunoi munhu agere apa, akaremara kana chimwe chinhu, avete panhowo.

Munokwanisa kundinzwira here nemaiki iyi? Handikuzivei. Munongova mudzimai akarara ipapo. Dai ndaigona kukupodzai, ndaizviita. Handikwanise kukupodzai.

Zvakanaka. Anongova murume ari kufara. Mwana wake apodzwa.

Handikuzivei. Muri mudzimai, uye ini ndiri murume. Aka ndekekutanga patasangana muhupenyu, ndinofunga kudaro. Vanhu ava . . . ? . . . vakuunzai. Kutaura chokwadi, ndekekutanga kenyu kuuya pano; vangokuunzai muno. Munobva kure-kure. Mune mumvuri werufu. Mune kenza. Hakusi kuremara. Ikenza. Vana chiremba havachakwanisi kukuitirai chimwezve chinhu. Ichokwadi. Uye mune chokwadi chekuti muri kuzofa; vanachiremba ivavo havasisina chimwezve chavachagona kukuitirai.

<sup>194</sup> Pane imwe nguva pakanga paine varume 3 vane maperembudzi vaive vakagara pagedhi repaSamaria. Zvino vaya vaiva nemaperembudzi vakati, “Tinogarirei pano kusvika tafa?” Nekuda kwehurwere hwese, kufa nenzara, nekudyirana vana. Vakati, “Kana tikaburukira kumusasa wemuvengi, maSiriya; kana vakatiuraya, tichangofa, zvakadaro. Uye kana vakatiponesa, ticharama.” Zvino vakatora mukana iwoyo. Uye, nokutenda ikoko, havana kuzviponesa ivo chete asi boka rose.


<sup>195</sup> Zvino, muchafa kana mukarara ipapo. Asi hamusi kukumbirwa kuti muende kumusasa wemuvengi. Asi muri kukokwa kuimba yaBaba, . . . ? . . .

<sup>196</sup> Muri kufa nekenza. Hamugone kurarama kunze kwaMwari. Hamubvi muguta rino. Hamusi wemunharaunda ino. Mabva kure. Munobva kuMilwaukee. Ichokwadi. Ndizvozvo. Ndaona guta racho. Ndinoriziva. Ndizvozvo chaizvo.

Munotenda here? Muchagamuchira Mwari zvino seMupodzi wenyu here? Kana mukadaro, zvisinei nekuti hamuna simba sei, hamugoni kumuka zvakadii, ndinotenda, muchinhano chenyu, ndaizosimuka muZita raJesu Kristu. Ndotora nhowo iyoyo ndoenda kumba, ndorarama zvinopa mbiri kuna Mwari. Muchanditeerera here, semuporofita waMwari? Saka chisimukai muende. Mupore! Musatya. Simukai mubve panhowo; Mwari vachakupodzai. Maona?

<sup>197</sup> Mumwe munhu ngaavabate kuti vakwanise kumuka uye vawane simba. Munotenda Mwari here? Ingovaregai vawane simba zvishoma; vachaita zvakanaka. Ndizvozvo, Hanzvadzi. Havo avo, muZita raIshe Jesu!

Ngatisimukei tipe rumbidzo kuna Mwari. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi!

Endai, uye Ishe Jesu Kristu vakuropafadzei. Muite zvakanaka. 

65-0221E Merkizedheki Uyu Ndiani?  
Parkview Junior High School  
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)



## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)